



**American Friends
Service Committee**

Quaker values in action



Zona 5, Guatemala

PLATFÒM^{pou} LAPÈ

**Kominote aprantisaj
nan Amerik
Latin ak Karayib
la sou jan pou tabli
lapè nan vil yo epi
transfòme konfli yo**

**Jan pou lapè boujonnen
toupatou nan vil nou yo
Yon gid pou ede moun
reflechi epi travay pou
diminye vyolans nan vil yo.**

PLATFÒM POU LAPÈ: Jan pou lapè boujonnen toupitou nan vil yo.
AFSC, Pòtoprens, Fevriye 2013.

Se **American Friends Service Committee, AFSC** ki pibliye liv sa a.

Tit original liv la se: ***El manual de las Plataformas de Paz Urbana.
Guía de reflexión y acción para la reducción de la violencia urbana.***

AFSC. Guatemala, Septiembre, 2012. Ki vle di : Gid Platfòm pou
lapè nan vil yo. Gid ki fasilite refleksyon ak aksyon pou redui vyolans
nan vil yo. AFSC



**American Friends
Service Committee**

Quaker values in action

© 2013

Moun ki ekri liv sa a se :

Ivan MONZON
AFSC-Ayiti

Ekip ki te travay ak li:

Ulises Urusquieta (CPACSI- Meksik)
Marleny Montenegro (AFSC - Gwatemala)
Licerio Camey (FLACSO – Gwatemala)
Manuel Dammert (**Inivèsite Pontifikal nan vil** Lima)
Marco Castillo (**Gwoup Ceiba, Seyiba**)

Layout: Heidy Paredes
Cover design: Gabriel Perez

Evangelischer Entwicklungsdienst, EED
te bay kout men pa li pou liv sa a te ka pibliye

Kisa nou rele TI PLATFÒM POU LAPÈ yo menm ?

TI PLATFÒM POU LAPÈ¹ ak PLATFÒM POU LAPÈ yo se de (2) nivo apa nan sa nou pral pale nan liv sa a. men se de (2) nivo ki pral fè yon sèl nan estrateji pou lapè bonjonnen nan vil nou yo. Ti PLATFÒM pou lapè a se yon gwoup ki ka gen ant 8 ak 12 moun ki reyini, chak lè yo deside sa, pou yo chache fason pou moun ki rete nan kominote a youn konprann lòt pi byen. Nan gwoup sa a men kisa yo fè:

- 1) Yo analize konfli² ki gen nan zòn nan (nan kominote y a)
- 2) Yo fè pwomosyon pou wè si pa ta genyen vyolans nan zòn lan
- 3) Yo reflechi sou sa yo fè chak jou ak sou tout bagay tou nèf moun nan gwoup la rive aprann ansanm nan travay la.

Kisa nou rele PLATFÒM POU LAPÈ³ yo menm ?

Se yon pi gwo gwoup kote anpil lòt ti gwoup (TI PLATFÒM POU LAPÈ) reyini. Yo kontre pou reflechi ansanm nan kominote a, yo reflechi sou konfli yo, yo chache konnen rasin konfli yo (kisa ki lakòz yo) epi ansanm yo pwopoze kisa ki pou ta fèt pou chanje sa pandan y ap chache patisipasyon enstitisyon (ak otorite) nan zòn nan epi fè Leta konnen ki travay y ap fè.

1 Nou kapab di TI PLATFÒM POU LAPÈ tou.

2 Konfli a se tout ti kont, ti bouch long, ti plede redi, ti pa kontan ki genyen nan mitan 2 moun, 2 gwoup moun, de katye, 2 zòn nan yon katye.

3 Nou ka di PLATFÒM POU LAPÈ tou.

Kontni

3	Kisa nou rele TI PLATFÒM POU LAPÈ yo menm ?
3	Kisa nou rele PLATFÒM POU LAPÈ yo menm ?
5	REMÈSIMAN YO
7	Pou nou kòmanse
9	1. Kijan pou n konnen sa k ap mache toutbon menm? Teyori chanjman an!
10	Sou kisa nou baze nou pou nou di chanjman an posib?
12	Kisa yon PLATFÒM POU LAPÈ ye menm? Se yon estrateji pou chanje fason youn aji ak lòt.
14	Prensip Entèmedyasyon an
15	Kijan yo bati yon teyori chanjman toutbon ki chita sou lapè?
18	Yon egzanp sou teyori chanjman an:
20	REZIME CHAPIT LA
21	2. Estrateji Chanjman nan kominote a Ti Platfòm pou Lapè yo
25	Kisa ki fè youn fè lòt konfyans nan gwoup la?
27	Transparans.
34	Kisa n ap bezwen pou n tabli estrateji lapè sa a nan vil nou yo?
36	REZIME CHAPIT LA
37	3. Travay Refleksyon↔aksyon ak Kominote a
39	Estrateji pou antre nan jwèt la: Trete konfli yo san vyolans
41	Pare teren an
42	Defini “Poto Kwen” yo nan kominote a: Gwoup kap jere bagay la.
47	Analiz konfli a
49	Defini yon pwèn ki enterese nou tout: Chanjman nou tout vle a.
50	Estrateji travay ak kominote a:
51	Platfòm pou Lapè: Estrateji pou marye Ti Platfòm yo ansanm.
52	Estrateji pou ogmante enfliyans politik ak enstitisyonèl yo :
55	REZIME CHAPIT LA
57	4. Kijan Ti Platfòm pou Lapè yo fonksyone. Evalyasyon inisyativ la.
58	Kijan w evalye chanjman sa yo nan yon pwogram pou Lapè?
66	REZIME CHAPIT LA
67	5. Ti Platfòm pou Lapè a nan reyalite a.
	pou n gen yon pi bon estrateji epi fè l dire pi lontan ?
68	Kijan pou estrateji sa a dire nan zòn nan.
69	REZIME CHAPIT LA
71	ANÈKS 1.
73	ANÈKS 2. Kafe sitwayen kòm zouti dyalòg.
74	ANÈKS 3. Metòd Teyat Fowòm Augusto Boal la
77	YON TI DIKSYONÈ POU EDE NOU KONPRANN KÈK MO KLE.
79	LIV AK DOKIMAN NOU TE KONSILTE

REMÈSIMAN YO:

Komite ki revize travay sa ap di plis pase 40 moun ki te nan Kominote Vityèl¹ pou aprantisaj nan Amerik Latin ak Karayib la mès, se AFSC ki te mande moun sa yo reflechi ansanm, epi se refleksyon sa yo ki rantr nan liv sa a. se moun sa yo ki te mete sa yo konnen ansanm pou nou te pibliye kèk lòt dokiman tankou: “Inseguridad Urbana y Transformación de Conflictos: Hacia un nuevo paradigma” (2010) Insekirite nan vil yo ak transfòmasyon konfli yo: yon nouvo modèl, “Plataformas de Acción Juvenil” (2011) Platfòm pou jèn yo k a pase alaksyon ak liv original sa a ki te pibliye nan lang panyòl apre yon semèn ki te fèt nan vil Pòtoprens, peyi Ayiti nan dat 24, 25 ak 26 dawou 2012 la. Non moun sa yo ak tout kout men yo te bay, tou sa antre nan liv sa a.

Nap remèsye tout lòt moun ki pa manm AFSC men ki te nan semèn Pòtoprens la, tankou: Marco Castillo (Direktè Asosyasyon Group Seyiba a, ki chita nan peyi Gwatemala), Kirenia Criado (Sant Martin Luther King Jr. La Avàn, Kiba), Manuel Dammert (Pwofesè chèchè, Iniversite Katolik nan vil Lima), Enrique Oviedo (li soti nan òganizasyon CEPAL peyi Chili), Filiberto Terrazas (Li se yon kad nan gouvènman Leta Chiwawa, vil Jwarez, nan peyi Meksik), Frantz Grandoit (Li soti nan Fondasyon Jan Mari Vensan, peyi Ayiti), Jean Webert, Kowòdonatè Platfòm pou Lapè yo ki nan lekòl Sen Chal Bowome, Kwadèbòkè, Ayiti; Sè Gloria Gonzalez, Direktris lekòl Sen Chal Bowome a, san n pap bliye Licerio Camey, li te reprezante òganizasyon Flacso, branch Gwatemala.

Nou pap bliye ekip AFSC a tankou: Direktè Pwogram Amerik Latin ak Karayib la (2012), Jorge Laffite, yon gwo mès pou li paske nou rekonèt gwo travay li fè pou liv sa a te ka soti. N ap remèsye moun ki te soti nan ekip AFSC-Gwatemala a: Ulises Urusquieta, Ignacio Gutierrez, Marleny Montenegro. Ekip AFSC-Ayiti a tou: Ivan Monzon, Reniteau Jean, ak France Remy, yon gwo chay mès pou nou mezanmi !

N ap remèsye CDA-Collaborative Learning Projects ki te pèmèt nou tradui zouti pou analize Konektè ak Divizè yo, zouti ki te vrèman itil pou devlope PLATFÒM POU LAPÈ yo, se menm jan an tou nou voye remèsiman bay Instituto de Recursos para la Paz IRENEES ak òganizasyon Modus Operandi, paske yo te pèmèt nou site nan liv la deskripsyon zouti yo te pibliye sou platfòm vityèl yo a; menm jan an tou nou remèsye tout lòt sous kote nou te pran enfòmasyon, nou va site yo chak fwa nou mansyone yo nan liv la paske enfòmasyon sa yo te deja ap sikile.

Komite Revizyon an.

1 Kominote Vityèl la se yon gwoup moun ki pa rete nan menm zòn, yo ka pa nan menm peyi menm, men yo travay ansanm gremesi Entènèt ki pèmèt yo pale, reflechi, di sa yo panse, pataje eksperyans yo ansanm san yo pa kontre fasafas.

Pou nou kòmanse

Nap bati lide a ansanm

Dapre sa UNICEF(INISÈF) fè konnen, se vyolans ki lakòz plis jèn ak adolesan ki gen laj 15 – 24 lane mouri nan Karayib la. Pou Amerik Latin nan nèt, nou wè kantite moun yo touye a sèt (7) fwa plis pase kantite nan zòn Ewòp la. Apeprè 220 timoun ak adolesan ki pankò gen 18 lane rive mouri chak jou anba zak vyolans moun lakay yo – chif² sa a bay 80 mil timoun chak ane. Epi nou wè pifò gason ki mouri anba bal nan lari se jèn gason yo ye.

Nou ta di bagay la miyò bò kote medam yo, enben se pa sa! Men kèk egzanp: soti nan vyolans ki fèt lakay, vyolans seksyèl ak anpil fòm eksklizyon ak diskriminasyon, sa lakòz lavi pa fasil menm nan gran vil nou jwenn nan Karayib la ak Amerik Latin nan, pa gen sekirite menm non ! Si n gade byen, n ap wè listwa peyi sa yo chaje ak zak maspinay epi vyolans ki fèt ak zam, anpil konfli ame, diktati epi si nou ta gade pi pre toujou n ap wè gen anpil òganizasyon kriminel k ap opere nan plizyè peyi alafwa, sa fè vil yo tounen teren batay.

Chak jou nou wè vin gen plis moun nan vil yo, anyen pa ka frennen sa. Reyalyte sa yo chanje fason nou te konprann lapè a, kisa li ye. Jan yo te defini lapè nan gwo liv ki ekri nan syèk pase a la a, kote yo di: “Sèl baz sèten pou n gen lapè dirab la se lè tout moun sou tè a kole zepòl ansanm san fòse pou yo pa gen kè sote pou lajan akfason y ap viv nan sosyete yo, san yo pa pè moun vin maspinen yo³”, jodi a definisyon sa a blije chanje, “fòk nèg sa yo desann atè nan reyalyte a” pou yo vin pale sou jan bagay yo ap pase nan katye nou yo, epi vin gade kijan moun yo ap viv chak jou nan peyi kote ensekirite a monte tèt syèl.

Jodi a, jan nou wè lapè a nan lari a, anndan kay la, nan lekòl yo oubyen nan katye a, se pa bagay prive “o wi se zafè pa m, lòt moun pa mele non !”, men se nannan koze chak moun dwe fòre bouch ladan l an.

Nan epòk nou an, nan zòn Amerik la, pi plis moun mouri anba zak vagabonday, delenkans pase sila yo ki mouri nan lagè. Nan peyi Amerik Latin yo ak Karayib la, komès dwòg la ki sou moun anpil, zak vyolans ki gen pou wè ak jèn yo (nan anpil ka tankou peyi Pewou, Gwatemala, Salvadò ak Ondiras kote jenerasyon jodi a grandi nan konfli ame oubyen apre) epi konfli ki soti nan eksklizyon ak inegalite sosyal, sa fè nou blije reflechi sou lapè a nan kalite relasyon moun yo genyen chak jou youn ak lòt ak fason yo debouye yo pou yo viv. Epi gran vil yo se teren kote n ap ka wè sityasyon konfli yo byen, san redi.

Chanjman brital sa yo ba nou rezon pou n chache devlope lòt estrateji pou kominote nan vil yo, nan chanje relasyon moun k ap viv nan kominote sa yo genyen youn ak lòt. Se konsa AFSC kole tèt li ak Asosyasyon Gwoup Seyiba nan Gwatemala, nou devlope yon eksperyans pilòt pandan 3 lane (2009 – 2012) kote nou te mete yon sant mobil sou pye pou trete konfli yo, nou fè li mache ansanm ak yon sistèm

2 [http://www.unicef.org/lac/Fast_facts_SP\(1\).pdf](http://www.unicef.org/lac/Fast_facts_SP(1).pdf)

3 Deklarasyon Palè St. James, vil Lond, peyi Langletè, 1941.

patisipasyon sitwayen san vyolans nan 2 katye ki gen plis vyolans nan vil Gwatemala a, se la nou te rive mete metodoloji sa a sou pye.

Liv sa a se rezilta konklisyon ak desizyon ki soti nan yon pwogram Dialog Echanj ki te fèt Gwatemala 28 ak 29 Mas 2012, avèk yon seminè ki te fèt Pòtoprens soti 24 pou rive 26 Dawou 2012. Men 2 reyinyon sa yo rantre nan yon pwosesis n ap mennen depi lane 2008 la, ladan l gen yon rezo pwofesyonèl ak moun k ap travay sou lapè nan Amerik Latin la ak Karayib la, eksperyans moun sa yo ak lide yo ede n konstwi plizyè metòd ki pèmèt nou abòde pwoblèn ensekirite ki nan vil yo san nou pa sèvi ak vyolans.

Liv sa a se yon zouti nan men lidè kominotè yo, enstitisyon ki nan kominote yo ak òganizasyon k ap travay nan kominote yo, konsa y ap ka aplike estrateji PLATFÒM POU LAPÈ yo.

Nou kapab sèvi ak liv la plizyè fason:

1. Pou n kòmanse gade kisa PLATFÒM POU LAPÈ a ye (epi rezo TI PLATFÒM POU LAPÈ yo)
2. Kòm yon liv pou ede fòme lidè kominotè yo.
3. Kom yon gid nan travay kominotè yo (chapit 3).
4. Kòm yon gid pou evalyasyon (chapit 4)

Nan tout liv la, **n** ap melanje tout engredyan (tankou yon moun **k** ap fè yon bon gato) **n** ap bezwen pou **n** aprann tout bagay yo korèkteman tankou:

- a) Istwa ak egzanp
- b) Egzèsis refleksyon pou lidè kominotè yo.
- c) Chema ak modèl teyorik sou lide ak prensip metòd la
- d) Konsèp ak kesyon kle.
- e) Rezime chak chapit yo.

Sa **n** ap chache, objektif nou, se fè chak moun “pale” ak liv la pandan l ap li l, fè alevini, pran nòt, diskite an gwoup epi fè egzèsis ansanm, oubyen vini ak lide tou nèf dapre sa yo aprann.

1. Kijan pou n konnen sa k ap mache toutbon menm? Teyori chanjman an!



LESPWA: Lespwa se yon katye ki gen twamil (3,000) kay konsa, se kote ki pi ansyen nan vil la. Sa fè lontan depi gouvènman an te **chwazi** katye sa a pou fè kay pou moun yo sou kote yon BARRANCO). Menmsi chak fanmi te rete nan yon ti kay ki gen 2 chanmakouche, moun ki rete nan katye “Lespwa” yo pa jwenn ase dlo potab osi non sèvis piblik epi se yon zòn ki toujou gen inondasyon lè sezon lapli..

Anpil manman ak papa pitit ap travay nan faktori ak lòt ti biznis, epi pitit yo rete lekòl oubyen yo rete kay vwazen yo k ap voye je sou yo. Mete sou sa, gen kèk paran ki vwayaje ale Etazini epi yo kite pitit yo dèyè nan men grann ak granpa-pa oubyen tonton ak matant epi tan an ap pase.

Sa gen plis pase 15 lane konsa depi dwòg te kòmanse antre sou katye sa a, epi sa w tande a gen anpil lòt konfli ki pete nan mitan moun yo paske Meri a te deside bati yon mache piblik nan zòn nan. Pwojè a rive reyalye kanmenm men gen yon pati nan katye a ki pa satisfè; nan pa kontan yo a, yo bati pwòp mache yo. Jodi a de zòn sa yo nan katye

a pa gen bon relasyon menm.

Dènyeman la a, gen kèk gang ki kòmanse reklame lajan nan men mèt boutik ak biznis yo epi zam ak dwòg kòmanse sikile, menm anndan lekòl la moun ka wè yo. Gen kèk kidnaping ki fèt nan zòn nan. Dènye bagay ki rive mwa pase a la a se 2 gang nan pi gwo gang yo k ap diskite pou se yo ki kontwole katye a, yo pete yon batay nan granri ki travèse katye a. gen 5 moun ki mouri nan batay la, ladan yo gen yon timoun ki jwenn lamò l, li t ap pase pandan goumen an te mangonmen.

Si w te yon manm nan komite katye sa a, kisa w panse w te ka chanje ladan l? Kijan w panse chanjman sa yo ta ka rive fèt?

Nan liv sa a n ap toujou pale de “Teyori Chanjman an”. Yon teyori chanjman pa lòt bagay non ! : se fason nou panse n ap ka jwenn rezilta pozitif pou solisyon yon pwoblèm.

Gen anpil “resèt” patisipasyon sitwayen ak solisyon konfli ki montre yo fasil anpil sou papyè, men lè w rive nan yon katye oubyen yon kominote pou w wè si yo mache, yo ka pa reyisi paske gen anpil bagay yo pa t bay enpòtans. Poutèt sa, nan chak katye, kominote oubyen yon vil, fòk yo devlope yon teyori apa sou fason pou chanje bagay k ap vin ede w diminye vyolans la kote sa yo.

Nou p ap janm ka devlope yon bon teyori chanjman si nou pa konprann byen kisa k ap pase nan kominote nou yo, ki kote pwoblèm yo soti epi ki kapasite serye nou genyen pou n parèt anfas yo. Se pou sa wi Teyori Chanjman nan yon kominote mache ansanm ak analiz pwoblèm ki gen nan kominote a.

Sou kisa nou baze nou pou nou di chanjman an posib?

Lè matematisyen ak sosyològ yo rele Johan Galtung(Jorann Galtoug) lan te pale de “Lapè Pozitif” ak “Lapè Negatif” la (Galtung, 1985) petèt li pat panse se yon lòt etap li tap franchi nan teyori lapè sou tout tè a, yon etap ki enpòtan anpil **pou** konprann konfli yo nan yon katye oubyen nan yon kominote, menm jan nan yon peyi.

Pou Galtung, gen fason pozitif ak fason negatif pou defini lapè: tankou lè n di lapè se “lè pa gen lagè” oubyen “lè pa gen maspinay”. Galtung di nou definisyon sa yo negatif paske yo di nou kisa lapè a pa ye sèlman, men yo pa di nou klè kisa lapè a ye tout bon vre. Yon lòt kote, lè n di gen lapè, lè nou idantifye reyallite vyolans yo menm epi nou rezoud yo nan bon fason, sa a ta ka yon fason “pozitif” pou n defini lapè a.



**Enben, men kisa sa vle di:**

- Lè pa gen lagè sa pa vle di gen lapè,
- Lapè mande pou toujou gen transfòmasyon ak analiz,
- Souvan nou dwe reflechi sou vyolans ki fèt yo sou plizyè ang ansanm, se pa yon sèl fòm vyolans pou n gade.
- Pati konfli a ki gen pou wè ak jan yon moun panse (relasyon yo, jan moun nan wè bagay yo, jan moun nan aj) kapab gen anpil enpòtans menm jan ak pati ki gen pou wè ak enterè ekonomik epi baz materyèl konfli a.
- Yon lapè, yo fòse antre nan kou nou, p ap ka dire lontan.

Enben...

- Menmsi ka pa gen yon lagè ki pete, konfli ki anfas moun yo nan anpil vil ak anpil katye tèlman konplike, sa fè nou pa ka ranje yo nan de (2) kategori sèlman.
- Lapè se pa yon kote nou vle rive, epi depi n rive nou fini; se yon pwosesis ki toujou ap mache epi se kalite relasyon nou genyen ak moun chak jou nan vi nou.
- Pwogram pou lapè yo pa ka chita sèlman sou yon sèl liy: Sa ki lakòz yon bagay pase => Men rezilta li bay.

Refleksyon sa yo fè n panse ke Lapè nan vil yo chita sou kalite relasyon moun ki rete la kapab genyen youn ak lòt, kote moun yo ak tout enstitisyon yo chita ansanm pou evalye bezwen yo ak enterè yo, epi yo chache konprann konfli yo genyen; konsa yo ka kòmanse chache ansanm tout tan kisa k ap bon pou tout moun, pou yo diminye nivo eksklizyon ansanm ak bagay ki fè toujou gen vyolans la: sa a se yon bon mwayen pou yo travay ansanm san yo pa kite kriz ak diferans yo genyen youn ak lòt gate travay la.

Konsa, n ap kapab transfòme sitiyasyon vyolans ak ensekirite ki gen nan yon katye san nou pa sèvi ak vyolans la, depi bagay sa yo rive fèt:

- Si relasyon, dialòg ak konpreyansyon youn gen pou lòt nan zòn nan vin pi dyanm.
- Si nou idantifye epi abòde kisa ki lakòz pwoblèm lan (tankou prensip, zòn kote nou rete a, anviwònman an, òganizasyon ak enstitisyon ki nan zòn nan, ekonomi moun yo ak enstitisyon kap kontwole bagay yo, koripsyon ak kèsote).
- Si bagay ki gen pou wè ak kilti nou (valè yo sa vle di enpòtans bagay yo gen pou nou, jan nou mennen bak nou, prejije yo, ak jan nou fè tout bagay) nou byen reflechi sou yo epi nou rive jwenn yon solisyon ak yo nan patisipasyon tout moun, gremesi sa tout moun yo aprann ansanm.


- Si gen chanjman ki fèt nan chak moun (rekonèt diyite chak moun genyen, jan yo wè epi jije tèt yo, lè yo rive domine eksperyans dwòl yo te fè, lè yo aprann viv ansanm nan kè poze).

Lè n pale konsa, nou pa vle fè konprann se move travay lè n rive kontwole trafik dwòl la, lè n rive kraze rezò k ap trafike moun oubyen k ap kidnape moun. Men wi se yon bon travay mezanmi, men sa pa ase pou n fè lapè boujonnen, n ap di sa pa ase si n ap pale de lapè pozitif pou tout sitwayen chak jou.

Kisa yon PLATFÒM POU LAPÈ ye menm? Se yon estrateji pou chanje fason youn aji ak lòt.


Erving Goffman (1961) yon sosyòlòg ki travay menm sou jan ti gwoup moun mennen bak yo (konpòte yo), te rive devlope yon modèl pou analize kijan moun yo viv nan lasosyete, nan chache konprann jan moun sa yo aji youn ak lòt. Msye rive nan konklizyon sila a : moun nan tout kilti yo rive devlope epi aprann kèk modèl/patwon/fòm, kèk tradisyon, ak kèk “rityèl” pou youn ka aji ak lòt (jan yo tabli relasyon yo epi pale youn ak lòt, jan youn wè lòt la nan je l, eksetera). Nou ta ka di PLATFÒM pou Lapè yo se yon espas pou chanje fason moun yo aji youn ak lòt nan yon kominote.

Lide sa yo gen anpil pou wè ak sa Jean Paul Lederack/Jan Pòl Lederak (1997) pwopoze nou kòm yon PLATFÒM POU LAPÈ. Pou Lederak, *yon PLATFÒM mache ak yon gwoup moun ki kreye yon espas pou yo reflechi epi aji, konsa y ap ankouraje chanjman fèt sou pwèn sa yo ki toujou pwovoke konfli vyolan nan kominote a, pandan y ap chache yon ekilib (pou pa gen fòskote) nan enterè moun kap viv nan kominote a genyen.*



Jan n ka wè sa nan tablo a, yon platfòm pou transfòme konfli yo ankouraje moun ki konsène yo gen yon pi bon relasyon youn ak lòt anfas pwoblèm ki parèt aklè devan yo (Episant lan / toubouyon an), se sa k ap fè moun sa yo amelyore jan y ap konpòte yo devan sitiyasyon kriz k ap parèt yo (Epizòd yo), se sa k ap ede yo konprann pi byen sa k ap pase nan kominote a epi y ap ka prevwa kèk sitiyasyon ki ka bay konfli (nan platfòm lan), y ap soti nan analiz sa ki te pase yo, pou yo wè kote yo prale demen sidyevle.

Mo kle:



Yo aplike lide sa a nan anpil gwoup moun, nan komite sitwayen yo, menm nan enstitisyon yo. Men yon platfòm pou lapè se pa sèlman moun ki ladan l yo ak fason yo òganize yo, se kote yo vle rive (objektif yo) ak kijan moun kap patisipe nan platfòm lan fè pou yo travay ansanm tou.

Sa fè tou gen anpil fòm alyans yo rele “Platfòm”. Nou jwenn yo fèt ak enstitisyon yo, mouvman sosyal yo, kanpay yo; nou menm jwenn se yon kote yo rele konsa depi sa ka pèmèt moun yo itilize li pou travay ansanm epi lanse yon inisyativ.

Se pou sa nan eksperyans travay pwojè gwoup SEYIBA-AFSC a, ekspresyon “PLATFÒM POU LAPÈ” a te gaye nèt epi pandan mwa yo ap pase, nou te dekouvri anpil moun pa t santi yo byen, yo konfòtab nan yon gwoup ki gen anpil moun lè yo te gen pou pale de ensekirite ak vyolans, se paske moun sa yo te gen laperèz nan yo pou kalite vyolans ak zam yo te wè k ap gaye nan katye a; yo pa t vle sanble ak “opoza” gwoup gang yo ki te kontwole katye a.

Sa te mennen ekip ki t ap travay sou pwojè a chache altènativ yo ka reyalize ak pi piti moun kote moun yo te ka pale nan yon espas ki te ba yo plis konfyans, san yo pa santi menas, se la wi lide “TI PLATFÒM POU LAPÈ” a soti.

Eksperyans Gwoup SEYIBA ak AFSC a ki rele “Lapè nan katye a” se te pandan 2 lane nan 2 katye anndan vil Gwatemala a. Yo te enstale yon kamyon yo te transfòm pou sa, ladan l yo te konn rezoud konfli yo (te gen yon klinik ladan l tou pou bay moun premye swen si yo ta sibi gwo zak vyolans sou kò yo) epi te gen 2 sal pou medyasyon. Anplis kamyon sa a, te vin gen yon pi gwo gwoup moun nan katye a ki te enterese ankouraje moun viv nan yon klima lapè, yo te fè travay sa a nan plizyè ti platfòm ki t ap fonksyone plizyè kote. Anfen, tout ti platfòm sa yo t ap travay ansanm epi yo te fòme yon platfòm ki pi laj kote yo te mete enstitisyon ak otorite nan zòn nan ladan l.

Prensip Entèmedyasyon an:

Se vre PLATFÒM POU LAPÈ yo sèvi pou transfòme sitiyasyon ki mennen konfli yo, men se pa sèlman espas pou moun vini rezoud konfli yo grenn pa grenn. PLATFÒM POU LAPÈ yo la tou pou ankouraje moun yo reflechi sou jan konfli yo youn konekte ak lòt nan kominote a, kisa yo ka jwenn ki menm nan tout konfli yo epi ki aksyon ki ta ka ede transfòme anpil konfli ansanm.

Konsa tou Entèmedyasyon an mande pou gen lòt moun, yon seri moun ki pa blije rete nan kominote a, men yo la, san yo pa blije ap kontwole sa k ap pase, se pito pou ede moun yo reflechi ansanm, yo ankouraje dyalòg ak aksyon san vyolans.

Konsa, PLATFÒM POU LAPÈ yo chita sou lide sa a:

Si gen anpil ti espas dyalòg ak patisipasyon ki louvri epi si anpil aktè nan sosyete a antre nan espas sa yo, si espas sa yo ta rive konekte youn ak lòt nan yon kominote nan vil la k ap souffri anba vyolans, sa va fè moun ki rete sou Katye a, yo tabli relasyon pou youn kolabore ak lòt, pou youn fè solidarite ak lòt menm jan sa ka rive tou pou enstitisyon yo ki nan zòn nan. Lè sa a, sa va diminye klima ensekirite nan katye a tou.

Kijan yo bati yon teyori chanjman toutbon ki chita sou lapè?

Sèl fason pou **n** ta sispèk si sa n ap fè pou lapè tabli a ka mache oubyen non, se pou **n** ta deja defini ki chanjman nou vle epi poukisa nou panse sa nou pral fè yo va pote chanjman sa a. Kisa nou ta renmen ki chanje? Ki kondisyon ki **ta** dwe genyen pou sitiasyon sa a kòmanse chanje wout? Sou kisa nou konte nan kominote a kòm sipò? **Sèl fason pou nou gen yon lide si aksyon pou lapè a va pote rezilta ou non, se**

Gwoup

Èske nou panse se moman pou n ta fè yon mach pou lapè?

Poukisa nou blije envite otorite nan zòn lan?

Èske nap dakò moun tout laj vini nan sa nap fè a?

Kilè n ap envite tout moun ki toujou pwovoke vyolans yo vin chita ansanm pou n ka pale?



Bati yon teyori chanjman nan yon katye ki gen vyolans. Se pa bagay ki fasil,

Fasilitatè

Kounye a, m pa menm konn ki nivo nou ye menm !



men nou ka fè li. Pa prese lè nap fè li epi fòk nou chita sou tout enfòmasyon nou gen nan men nou pou n reyisi li.

Manman koze a: nan pwosesis pou n defini teyori chanjan an, gen plizye moman oswa etap ladan l, men moman yo:

- 1) Gade ki kalite konfli ki gen nan kominote a chak jou epi ki kote yo soti, "rasin yo".
- 2) Analyze aktè enpòtan yo ki ka ankouraje lapè nan kominote a,
- 3) Chache ki kalite chanjman nou ta renmen
- 4) Monte yon estrateji pou ankouraje chanjman an epi montre pou ki rezon estrateji sa a pa ka pa mache,
- 5) Jwenn ak kilès n ap kòmanse poze aksyon nan kominote a
- 6) Dekouvri ki rezilta nou kòmanse jwenn
- 7) Wè kijan nou ka "re-vize, pase men" nan teyori nou an.

Depi n ta fin fè analiz sa a, l ap ede n panse pi byen avan nou deside poze tèl aksyon oubyen yon lòt.

Pou n konprann pwosesis sa a pi byen, fòk nou pa gade chak pati kòm yon “etap” paske anpil fwa tout pati sa yo ka fèt ansanm, oubyen yo ka chanje plas tou. Men fòk nou gen asirans nan ti pale gwoup la genyen ansanm, nou pa kite youn nan eleman sa yo deyò.

Koulye a nou pral dekri chak pwèn yo, se pa yon gran deskripsyon non!, apre sa, n ap wè kijan nou pral pratike analiz la nan chapit k ap vini an.

Nan chak pwendvi nou va etidye yo, n ap jwenn yon ti deskripsyon ansanm ak yon kesyon kle. N ap jwenn plis eksplikasyon sou yo nan chapit 4 la.

PI GWO ELEMAN NAN YON TEYORI CHANJMAN K AP TABLI LAPÈ

1

Ann gade ki kalite konfli nou gen chak jou nan kominote a epi ki fòs nou genyen sou plas.

Premye analiz sa a ap fèt pandan n ap reflechi epi n ap ranmase enfòmasyon sou 3 manman pwèn sa yo: 1: sous tansyon nan katye a; 2: nan ki sitiyaasyon katye a ye; 3: ki pwoblèm oswa obstak ki bare platfòm pou lapè a.

Kesyon enpòtan pou n poze:

- Kijan n ap fè konn sa moun yo panse epi kòman yo tabli relasyon yo nan kominote a?
- Ki reyalite ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl ki nan zòn nan ki ka bare oubyen fasilite travay ti Platfòm pou lapè a?
- Ki sitiyaasyon ki ka bare Ti platfòm pou lapè yo oubyen ki ka gen konsekans negatif sou yo?

2

Analize aktè enpòtan ki kapab ankouraje lapè a.

La a, nan analiz la, n ap idantifye moun, enstitisyon, oubyen eksperyans tout moun gen enterè ladan yo, sa nou panse kominote a fè konfyans epi ki kapab ini tout moun nan yon travay ansanm menmsi yo gen konfli youn ak lòt.

Kesyon enpòtan:

Kilès sa yo ki patisipe nan aktivite katye a moun yo fè konfyans? Eske moun sa yo ka poze aksyon pou lapè nan kominote a?

3 *Defini ki chanjman nou vle a*

Lè n rive la a, nan analiz la, li enpòtan pou n defini ki sitiyasyon nan katye a nou vle chanje a. epi ki chanjman serye nou vle pote nan yon tan kout, nan yon tan ki pa twò long oubyen nan yon bon bout tan.

Kesyon enpòtan:

- Ki bagay (valè) tout moun nan katye a pataje epi kijan nou kapab wè valè sa yo nan yon seri aksyon apa?

4 *Kòman n ap ankouraje chanjman an?*

Lè n rive la a, nan analiz la, n ap gade konbyen aksyon nou ka poze pou ankouraje chanjman nou vle a nan katye a oubyen nan kominote a. N ap analize avantaj, difikilte ak resous ki nesèsè pou nou mete estrateji a sou pye pandan n ap panse kouman n ka pwoteje moun ki pi frajil yo oubyen ki pi an danje yo?

Kesyon enpòtan:

- Ki estrateji nou ka itilize pou n idantifye gwoup ki pi ap sibi vyolans ak eksklizyon nan kominote a ?

5 *Patizan enpòtan nou yo.*

Depi nou deja gen estrateji byen klè, nou kapab komanse fè alyans ak moun epi enstitisyon enpòtan ki enterese pote kout men.

Kesyon kle:

- Ki kondisyon moun yo dwe respekte pou yo patisipe nan ti platfòm pou lapè yo lè n konnen sa n ap chache a se pou tabli konfyans pou lapè a ka boujonnen?

6 *Evalye rezilta yo epi pase men (fè revizyon) nan estrateji a.*

La a, nan analiz la, n ap fè yon ti reflechi apre n a fin avanse yon ti kras ak estrateji nou an: se gen dwa pou n gade kisa (konbyen bagay) nou rive fè oubyen pou n pase men nan estrateji a.

Kesyon enpòtan:

- Kijan n ap ka garanti platfòm lan ap vanse pou l tounen yon espas kote n ka pran desizyon politik? Nou ka travay kesyon sa a apre ti platfòm pou lapè a gen 6 mwa depi l ap mache.

Yon egzanp sou teyori chanjman an:

Nou ka prezante teyori chanjman an ak desen, pawòl, imaj oubyen grafik. Men kijan yo prezante yon teyori chanjman: se ak yon fraz tankou sila a:


"Si tèl bagay tèl jan... Enben..."

"Si nou reyisi sa a...enben men sa kap pase..."

Yon egzanp:

"Si n fè moun yo vin gen plis konfyans youn nan lòt epi youn ka konte sou lòt nan kominote a (gremesi aktivite ti platfòm pou lapè a), **enben** moun yo p ap santi yo poukont yo ankò tankou jan yo te ye avan an epi klima ensekirite a ap diminye."

Nou ka itilize yon Chema tankou sa nou wè la a pou n montre pwosesis chanjman n ap tann lan. Nan ka sa a, nou bay yon egzanp sou kijan nou panse kòmanse travay ak lidè lokal yo, pou n rive sou popilasyon an epi rive sou otorite nan zòn nan.




Men nou ka sèvi ak lòt Chema tou pou n montre lòt kalite chanjman (sa pral depann de teyori nou an) pa egzanp:

- Pou n repare domaj ki fèt, kòmanse nan fè kominote a pran konsyans pou jouk nou rive fè leta pran desizyon bay sèvis nòmal yo.
- Pou n mobilize timoun yo, kòmanse ak granmoun yo pou n rive sou lidè yo.
- Pou n soti nan yon akò politik jis pou n rive debouche sou yon pwojè nan kominote a.

Sa ki pi enpòtan la a, se defini “kijan nou wè chanjman an” epi kijan nou panse fè li.

Pou n fè bagay la pi fasil, n ap rezime li nan Chema sa a ki montre n tout faz pwosesis refleksyon Platfòm pou Lapè yo pase nan travay yo. Tout sa nou pral wè pi devan nan liv la se eksplikasyon sou kijan pou n fè sa Chema a di la a.



REZIME CHAPIT LA



Se patisipasyon tout moun sèlman ki ka mete lapè nan yon kominote. Premye travay la se di ki kalite chanjman nou vle fè avan nou kòmanse chanjman yo. Se sa a wi nou rele “Teyori Chanjman an”. Ki lapè nou vle? Kisa lapè sa a vle di nan kominote nou an? Nan chapit sa a nou ofri w kèk eleman enpòtan ki ka ede premye refleksyon yo fèt nan kominote a. Se pa menm bagay ak lòt metòd yo ki mande nou swiv etap yo youn apre lòt san fay, se pito kèk kesyon k ap gide moun ki vle monte Platfòm pou Lapè yo. Yo kapab fè travay la yo menm epi mennen diskisyon an nan kominote yo menm.

AKTIVITE POU FÒMASYON



Pale ak gwoup ou a, mande chak moun kisa mo Lapè a vle di pou chak grenn moun. Ou ka sèvi ak kèk teknik (desen, chante, pyès teyat), pou chak moun ta ka eksprime yo nan fason pa yo epi gwoup la ka fè konklizyon sou tou sa yo te wè epi tandè. Pale ak gwoup la sou Lapè pozitif. Analize ki mo nan sa yo sot di yo ki “pozitif” oubyen “negatif” nan kesyon lapè a. Analize ka kominote w la. Esplike moun yo kisa yon Platfòm pou Lapè ye.

PALE EPI REFLECHI ANSANM SOU



1. *Ki diferans ki genyen nan travay pou lapè nan kominote a si w ta chita refleksyon w lan sou Lapè pozitif ak Lapè negatif la?*
2. *Kisa sa vle di menm: defini yon “teyori chanjman” nan yon kominote?*

2. Estrateji Chanjman nan kominote a Ti Platfòm pou Lapè yo



Pandan eksperyans “Lapè nan katye a” nou te fè ak asosyasyon Gwoup Seyiba nan Gwatemala a, zafè Platfòm pou Lapè a te tounen yon lòt koze nèt tout moun te ka wè byen klè devan yo, li te chita sou ti gwoup 6 rive 12 moun ki te pote non “Ti Platfòm pou Lapè” kote nou wè li te pi fasil pou moun yo vin fè youn lòt konfyans nan katye a epi li te vin pi fasil pou ankouraje moun yo patisipe toutbon nan zòn nan (nan tout kay ak nan tout lari).

Sistèm sa a te fè yo pa gade gwoup la kòm moun kap chache gwoup bandi ame yo, gangstè ak trafikan dwòg yo kont, men yo te gade inisyativ la pito tankou yon jefò pou fè moun katye a viv pi byen youn ak lòt.

Ti gwoup moun yo tap vin pi dyanm epi youn te fè aktivite ansanm ak lòt; konsa yo te louvri sou yon pi gwo espas nou rele Platfòm pou Lapè

Ti Platfòm pou Lapè yo, se yon estrateji k ap chèche ankouraje lòt relasyon pouvwa nan zòn lan nan travay youn ak lòt. Nou toujou panse yon Platfòm pou Lapè ka pote chanjman dirab nan kote konfli yo soti nan zòn nan.

Nou ta ka di menmsi Ti Platfòm pou Lapè yo gen plizyè fòm lè yo fenk kòmanse, nan estrateji travay yo, men toujou gen kèk kondisyon yo blije swiv lè yon gwoup nan zòn nan se yon Ti Platfòm pou Lapè, tankou:



Yo se **ti gwoup moun**



Yo chèche gen **objektif kap chèche lapè**



Yo toujou ap **travay pou soti nan ti gwoup pou louvri espas ki plis “piblik” kote plis moun ka reyini.**



Yo toujou kenbe **yon lojik refleksyon pratik refleksyon pratik tout tan.**



Yo toujou ankouraje **relasyon kote tout moun gen menm dwa ak menm devwa, san chèf epi avèk respè youn pou lòt.**

Nou pral detaye sa nou sot di la a pou w ou ak kèk egzanp pou montre w kijan sa fèt nan yon Ti Platfòm pou Lapè.



Yo se yon ti gwoup moun.

Lè fasilite Seyiba yo nan vil Gwatemala te seye monte yon Platfòm pou Lapè premye fwa a, yo sezi wè kijan moun katye a te gen laperèz. Yo pa t santi yo alèz pou pale sou konfli yo devan anpil moun, yo pa t vle mo vyolans ak ensekirite a soti nan bouch yo menm. “Lakay mwen, konn gen tire lannwit epi gen anpil vyolans nan kominote kote m ap viv la” sa a, se te deklarasyon yon volonte k ap travay nan pwojè a.

Yon tifi 13 lane ki rete Kwadèboukè nan zòn Pòtoprens te pataje eksperyans li ak nou nan travay ak ti gwoup moun yo: “*Nan katye kote m rete a nou te gen anpil pwoblèm ensekirite pou jèn yo epi pèsòn pa t pale ak lòt moun paske yo te pè anpil. Mwen te timid anpil tou wi lè m te kòmanse nan Platfòm pou Lapè a. Koulye a m santi m pi alèz pou m regle bagay yo nan pale ak moun yo sou divès kalite konfli ki gen nan katye a lè m nan Ti Platfòm pou Lapè kote m reyini an*”.

Ti Platfòm pou Lapè yo ta vle tabli konfyans nan mitan moun yo depi premye jou moun yo kòmanse reyini ansanm nan yon kay osinon yon lòt kote moun p ap wè yo. Yon pwen enpòtan pou demare Ti Platfòm pou Lapè a se pou l gen yon “karaktè enfòmèl”, sa vle di Ti Platfòm pou Lapè a se pa yon enstitisyon ki deja fikse kijan bagay yo pral pase, oubyen se pa yon gwoup moun k ap goumen pou moun wè y ap travay nan kominote a, men li la pou ankouraje chanjman fèt nan enstitisyon yo ak nan fason desizyon yo ap pran, menmsi li toujou travay ak enstitisyon yo. Sa gen anpil avantaj ladan l tankou:

- Nan yon ti gwoup, sila yo ki pa alèz pou pale devan anpil moun, santi yo plis ka di kichòy ak plis konfyans.
- Gen plis ranfò youn pou lòt nan mitan manm gwoup la.
- Moun yo pale pi fasil san yo pa twòp ap veye bouch yo.
- Yo kapab reyini yon kote ki pa twò konplike (yon salon anndan kay, yon kizin, yon lakou, yon legliz, yon klas nan lekòl)
- Moun ki rete tou pre yo vin pi zanmi.



POU KISA TOU PLATFÒM POU LAPÈ YO BON... KISA YO ITIL MENM....

Andeyò manman travay yo, ki se chanje sitiyaasyon konfli ki nan kominote a, men pou kèk lòt bagay Ti Platfòm pou Lapè yo bon

Menmsi nou konnen metodoloji a ka itil, pou lòt travay wi, nan chak katye oubyen zòn, se moun yo ki plis ka deside kijan y ap sèvi ak li selon sa yo genyen. Men kèk egzanp:

a. Repran kontwòl katye a, kontwòl lari kote moun yo rete a, espas kote yo rete a, lokalite a, kanton an, kan an, elatriye.

Anpil fwa nou konn wè nou pa rekonèt ankò moun ki rete nan menm ri a osinon nan menm katye ak nou yo; anpil fwa sanble lè n ap mache nan katye a, nan lari kote nou te toujou rete a, sanble se yon kote enkonni nou ye, donk se kòm si zòn nan pa twò pou nou pase sa ankò.

Nou wè kote yo fè Ti Platfòm pou Lapè yo, moun yo reprann katye yo an men, yo rekipere katye yo donk yo pa etranj nan relasyon yo gen ak vwazen yo ankò epi yo santi yo gen plis sekirite, yo pa gen laperèz ankò. Se pa katye w ak vwazen w yo sèlman non w ap sove, men mete sou sa, se yon espas kote w ap plis alèz pou w pran kontak ak lòt moun yo tou w ap reprann.

b. Fè relasyon moun yo nan kominote a vin pi dyanm:

Sosyete yo ak kominote yo se tankou twal pou koud rad yo ye, se anpil fil ki trese ansanm ki fè twal la solid e pi rezistan, men, si w separe fil yo, twal la ap vin lage, konsa nenpòt ti van osinon ti dlo ka chire li. Gen anpil rezon ki ka fè moun k ap viv nan sosyete nou yo (menm jan ak fil twal la) ka separe epi vin dozado, kase, blaze, divize.

Sosyete nou an menm jan an tou: li divize, fasil pou dechire, blaze; sa nap li la a koulè a ak konsèy ki ladan l yo ta ka ede nou rebati sosyete nou an, sou fòm yon sosyete ki gen plis jistis e ki san fòskote.

c. Konnen vwazen ak vwazin nou yo.

Fò w konn kilès sa yo k ap viv toupre w, yon fason pou youn ka ede lòt nan moman difisil, epi fete ak ou nan tèt ansanm lè sa bon; men sitou nan nenpòt sitiyaasyon, pou youn konn lòt.

d. Mete men pou transfòme katye a.

Anpil fwa nou plenyen jan sitiyaasyon an ye, jan n ap viv la, men lè yon bagay pase devan nou, nou vire tèt nou epi nou pase dwat kòmsi sa pa t gade nou; pou bagay yo chanje mezanmi, fòk nou mete men, antre nan reyalyite a epi angaje nou. Ti Platfòm yo ede nou travay sou sitiyaasyon konfli ki nan katye a. Konsa n ap ka jwenn jan pou n vin viv pi byen youn ak lòt.

e. Òganize kominote a depi anba:

Lè n gade tout fason moun ka patisipe epi mete kèk aksyon nan kominote a pou chanjman, nou wè òganizasyon yo vin pi dyanm, men kèk bagay sa ede nou fè:

- Travay ansanm pou byen nou tout .
- Nou youn konn lòt pi plis epi n ka jwenn kout men nan men tout moun.
- Nou vin wè gen lòt lidè nou pat konnen, nou pa konn poukisa n pa t janm wè yo.
- Idantifye bagay ki mare nou ansanm oubyen ki mete nou dozado nan òganizasyon yo ak nan katye a.
- Moun yo vin pran responsabilite yo epi yo fè travay la paske nou tout fè youn epi nou òganize nou.


f. Se nou menm menm ki poze aksyon pou chanjman nan kominote a menm.

AFSC, 2012

Depi manm Ti Platfòm yo ap aprann teknik dyalòg yo, yo kòmanse devlope règ koutwazi youn ak lòt tankou koute pandan yon lòt moun ap pale, pa koupe pawòl nan bouch moun, respekte opinyon moun yo, konsantre sou pwoblèm lan (pa konsantre sou moun nan), poze kesyon pou jwenn plis enfòmasyon, elatriye. Sa ki pi enteresan an, sèke menm jan yo aplike règ sa yo nan Ti Platfòm pou Lapè yo, yo respekte yo nan tou sa yap fè chak jou, nan fanmi yo ak nan vwazinaj yo.

Gwoup sa yo aprann pataje sa yo genyen ak lòt moun, sa fè yo plis kolabore ansanm.

Anpil fwa moun yo pa gen apresyasyon youn pou lòt san reflechi sa ki fè sa. Yon Ti Platfòm pou Lapè se yon fason pou vwazen yo kontre ansanm pou reflechi sou sa k ap pase nan konfli yo ak pwoblèm y ap travèse chak jou, se pa sèlman chita gade kilès ki plis brutal ak kilès yo plis fè brutal ak li



Kisa ki fè youn fè lòt konfyans nan gwoup la?

Si nou gade jan bagay yo ye vre, lè youn fè lòt konfyans nan yon gwoup se tankou lwil nan motè machin: sa fè bagay yo mache pi dous, sa diminye kantite estrès epi nou pa bezwen touye tèt nou pou n gen tout bagay “sou kontwòl”; men lè se youn pati moun ki fè lòt konfyans la (lè tout moun pa konsa) osinon tout moun pa fè tout moun konfyans menm jan an, sa fè yo manipile moun yo epi sa pote plis pwoblèm.

Men kèk prensip ki ka tabli konfyans nan mitan moun yo:

1. Sa w vle moun fè pou ou, fè l pou yo tou.

Se pou tout moun ki bay jwenn, se pou youn ede lòt, se pou youn dakò ak lòt epi konprann lòt. Tankou si jodi a se fasilite a ki te bay kafe a, yon lòt moun kapab lave tas yo. Si yo ekri w pou mande w yon bagay, ekri tou pou w fè repons.

2. Enterè serye.

Sa vle di se pa yon enterè kote nou pran pòz sa ki pase nan gwoup la enterese nou. Depi nan di bonjou lè reyinyon yo pral kòmanse, ak jan nou tout montre solidarite lè youn gen pwoblèm, sa montre jan lòt moun yo enterese nou. Tankou: si gen yon reyinyon apremidi a la a, epi gen yon manm nan gwoup la ki di nou pitit li fenk fè aksidan sou moto; la a gen chans pou n montre solidarite ak enterè nou genyen epi anyen ankò pa ka pi enpòtan nan moman sa a.

3. Koute lè lòt moun ap pale.

Ou ka pran tan pou w konprann epi koute kisa lòt moun gen pou yo di. Gran espesyalis ki ekspè nan transfòme konfli yo vini ak anpil teknik pou yo ka ankouraje sa yo rele « koute ak atansyon » an ; sa vle di moun k ap koute a pa rete san reyaji, men se pito yon moun ki asire l li te konprann paske li te louvri zorèy li ak atansyon l pandan lòt la t ap pale. Men kèk teknik pou w koute ak anpil atansyon:

Twa fason pou moun koute byen:

Repete sa moun nan sot di a.	Di menm sa moun nan te di a pou w wè si nou konprann byen. Lè w fè sa, sa pa vle di w dakò ak lòt moun nan, men w konprann kote li ye a.	Si m te konprann byen, ou pa telman dakò ak lide pou nou fè mach pou lapè a paske sa ka riske lavi kèk lidè nan kominote a lè yo montre aklè yo pa dakò ak gang nan zòn nan k ap fè vyolans. Se sa menm k ap trakase w konsa ?
Montre w konprann	Repete kèk mo kle nan sa moun nan sot di a	Petèt se pa moman pou n envite komite zòn nan nan Ti Platfòm pou Lapè a non. Yèswe m pa dòmi tèlman m kalkile bagay sa a. M wè bagay sa a ba w ti pwoblèm wi, pa vre?
Poze kesyon ki pèmèt plizyè kalite repons	Pa blije moun nan reponn “wi ou non”, men kite l pale plis sou opinyon li an.	Olye nou mande Konbyen moun ki dakò ? mande pito : Sa n panse sou lide Mari a ?

Lè w ap koute ak atansyon, sa ale pi lwen pase pawòl ou tande yo. Yo menm di moun ka koute ak figi yo. Nou kapab wè moun k ap koute nou wi : n ap wè je l louvri byen gran, li mare kèk min sou fwon l tankou moun kap soufri osinon ki tris, oubyen li mare bouch li yon tikras lè nou rakonte l yon bagay dezagreyab oubyen li fè yon ti souri lè n rakonte l yon bagay ki komik. Tout jès sa yo fè nou vin gen konfyans youn nan lòt.

Transparans.


Nou fè sa nou te di a, pa gen sekre, pa gen wout pa bwa, elatriye.

Kote ki gen transparans, yo mete tout objektif ak entansyon gwoup la “sou tab la”. Tout detay yo byen klè epi tout moun ka mande pran tan pou konprann yo. Men nou pa dwe bliye transparans mache men nan men ak sekre (moun ki pa landyèz).

Men kèk bagay ki ka ede n gen transparans nan gwoup la:

- Chak moun di kisa yo espere jwenn nan Ti Platfòm pou Lapè a.
- Depi nan premye jou a, fasilite, fasilite la di tout moun kisa l vin fè ak kisa li pa ka fè.
- Manm yo pale klè lè gen yon bagay yo p ap aksepte pou kèk rezon moral.
- Pa bay manti.
- Di sa w pa dakò ak li a libelibè ak respè.
- Respekte bagay moun ak opinyon yo. Si m bezwen yon bagay, mwen mande li; si yon bagay pa fè m byen, mwen di sa. Epi si m fè yon bagay ki blese moun, m ap rekonèt sa epi m ap pare pou ranje sa.

Men gen kèk kote yo mele transparans ak pa gen sekre. Anpil moun ka pran pòz transparan yo pou yo mete bagay ki pat dwe nan lari devò ekspri.



4. Li fasil pou prevwa sa ki pral rive.

Moun nan gwoup la lojik epi konsa piti piti tout moun konn kisa yo ka atann de tout moun. Li enteresan pou w wè kèk fwa moun, ou déjà konnen li pap dakò ak ou a, ba w plis konfyans paske w deja konnen li, pase yon moun ou pa konn jan li pral reyaji.

5. Kominikasyon.

Ou rive fè moun yo konn sa w te vle yo konnen an, yo rive konprann epi yo sèvi ak mo yo epi atitud yo pi byen pou yo kominike ak lòt moun.

Kominike ak moun se tankou yon atis k ap fè travay li. Se pou n konn sa nou vle di a epi ki mo k ap eksprime sa pi byen. Anpil fwa jan nou pale pa ede nou menm nan relasyon nou ak lòt moun, yon egzanp :

Erè nou toujou fè lè n ap pale ak lòt moun	Egzanp
Ou kite pwoblèm lan sou kote epi w ale sou moun nan	Nou di :“Danyela pa respekte moun” olye nou di “sa Danyela di a blese anpil moun wi”
Pase bagay yo nan rizib	Mwen menm wi nou di ki te pè a? nou malad. Okontrè se pa de kontan m te kontan yo te bare m epi pran sa m te gen sou mwen.
Voye yon opinyon jete	Sa a se pa yon bon lide menm. Pa gen yon lòt ki pi bon?
Jeneralize tout bagay	“Oumenm ou toujou vini anreta” oubyen “Ou pa janm pote atansyon ak sa moun ap di”
Fè twòp vire tounen ak pawòl la	« M ta renmen, si se posib, m panse sa ta ka posib, men m pa konn si n ap kapab pou n tandè m nan yon bagay la a ».
Kanpe fèm sou pozisyon w	« M di non, paske non. Se fini. Se rezon an! »

6. Kwè nan sa n ap fè a.

Finalman, lòt bagay ki enpòtan se lè gwoup la aprann kenbe angajman l, sa ede yo bay bon rezilta epi manm yo òganize yo pou fini travay yo te kòmanse a.



Chèche lapè ak transfòmasyon konfli yo.

Nan yon Platfòm pou Lapè (ak ti platfòm ki soti ladan l yo), pi gwo pwoblèm pou analize a ta dwe gen pou l wè ak yon fòm vyolans ak rezilta l yo: laperèz, chòk nou pa ka bliye, ensekirite, mank konfyans, dezespwa, elatriye. Sa platfòm lan ap chèche se ede tout moun wè lapè a menm jan, konsa y ap ka konstwi lapè a nan kominote a menm.

Anpil gwoup ka fòme epi travay ansanm, men se pa sa k ap fè yo platfòm oubyen espas pou lapè pou sa. Nan Leyogàn, apre tranblemandtè a, gen yon gwoup lidè ki te pran fòmasyon sou patisipasyon sitwayen yo, gerizon chòk sikolojik yo, rezolisyon konfli yo, ak patisipasyon nan planifikasyon pou rekonstriksyon vil la.

Gwoup sa a te kòmanse yon premye jenerasyon platfòm ak ti platfòm ki kontinye travay menmsi yo pa jwenn lajan. Se pa t bridsoukou non gwoup sa a te tounen Platfòm pou Lapè paske yo te kontinye fè reyinyon, men se pito paske priyorite yo se te travay ansanm ak solidarite nan tout kominote ak katye yo, se te chèche solisyon pou konfli yo ak sitiyasyon malè pandye ki nan kominote yo.

Se pa yon grenn moun ki deside fikse objektif yon Platfòm pou Lapè. Se yon desizyon tout moun ansanm, se anpil enterè nou mete dakò nan kominote a apre nou fin analize konfli yo, ki bagay ki fè yo vin pi mal epi ki kapasite ak enfliyans reyèl gwoup la genyen pou transfòme li.

Sa a se travay santral gwoup moun k ap ankouraje Ti Platfòm pou Lapè yo. Depi gwoup la konn kote li vle rive, sa ap ede l gade pi byen ki rezilta travay li a bay epi jwenn pi bon estrateji.

“Vizyon pou Lapè” nan kominote a ap sanble ak yon soup joumou kote tout kalite legim, viv ak epis nou gen pou mete ladan l lan antre nan plas yo, nan lè yo, yon fason pou youn pa rete dèyè. Ti Platfòm pou Lapè yo mande anpil imajinasyon. Sèl bagay ki ka rive sèke rezilta nou genyen alafen an ka pa sanble ak sa nou te panse a lè nou t ap kòmanse, men menmsi bagay la konsa, n ap gen yon bèl istwa pou n rakonte sou bagay sa a: kijan li te kòmanse epi kijan li fini.

Men sa pa vle di Ti Platfòm pou Lapè yo la pou rezoud nenpòt konfli konsa konsa, kòmsi m ta di w jan yo fè sa nan pwogram medyasyon yo: yon fasilite, yon fasilite, ap ede 2 moun oubyen 2 gwoup moun rezoud yon konfli oubyen ede yo fini ak yon kont. Nan Medyasyon an, fasilite, fasilite, la pa ka deside ni jije solisyon konfli a, li la pou ede moun yo jwenn yon solisyon yo menm nan ankouraje yo pale ansanm pou jwenn yon rezilta yo tout ap aksepte.

Platfòm pou Lapè a se pito yon espas kote yo reflechi sou konfli ki gen nan kominote a tankou “yon bagay” ki soti yon sèl kote, konsa aksyon k ap mennen pou rezoud yo a mande pou tout moun pote kole (se pa sèlman yon grenn moun oubyen 2 kan ki pou la)

Menmsi sa, yon pwogram medyasyon kapab ede pare teren an pou Platfòm pou Lapè yo, menm jan sa rive Gwatemala ak nan lekòl Sen Chal Bowome nan Kwadèboukè, paske yon sitiyasyon ka fè w konprann ak kisa w pral annafè.



Soti nan ti gwoup pou louvri espas ki plis “piblik” kote plis moun ka reyini

“Pandan premye seyans fòmasyon yo, mwen te vin chanje fòm mwen te konn rezoud pwoblèm ak vwazen m yo”

“Mwen vin pale pi byen ak paran m epi zanmi yo”

“Mwen te rive aprann anpil fason pou m evite vyolans nan katye a”

Sa w sot li la a se deklarasyon moun yo pandan premye mwa yo nan tabli Ti Platfòm pou Lapè yo, koze sa yo mache ak yon nivo chanjman “pèsonèl” : valè yo, fason yo reyaji, kapasite yo gen pou pale ak moun, elatriye. Men, Ti Platfòm yo pat fèt tankou gwoup moun ki vin fè trètman sikolojik kote chak moun ap chache chanjman pou pwòp tèt pa l.

Ti Platfòm yo la pou ede jwenn yon chanjman kolektif. Sa vle di chanjman pèsonèl nan vi yon moun, nan vi vwazen an ak moun lakay li pa oblije vle di nan vil yo enjistis, diskriminasyon ak koripsyon se istwa ansyen tan. Yo toujou la.

“M panse se yon bon pwojè pou kominote a paske isit la nou pa gen nan men nou pou n fè fas kare ak kalite gwo pwoblèm sa a” – se pawòl majistra vil Leyogán la lè Gwoup Ayuda a Haiti (Èd pou Ayiti) te prezante lide pou fè ti platfòm planifikasyon epi pou rezoud konfli nan komin nan. Tande yo tandè sa, gwoup ki t ap fè Ti Platfòm pou Lapè yo envite kèk fonksyonè Lameri nan travay la, yo menm menm yo louvri yon pon kominikasyon ak negosyasyon ak tout ti kominote de baz yo sou kèk desizyon ki t ap pran nan komin nan.

Men sa ta ka pa ase. Se pa paske fonksyonè leta nan bagay la ki pral fè jan keta panse pou nou nan zòn nan chanje oubyen enstitisyon yo pral deside fè kichòy pou konfli yo. Epi menmsi ta gen kèk repons ki bay pou rezoud konfli yo, pa menm gen yon politik piblik menm (tankou yon dokiman ekri sou kijan pou moun aji devan tèl kalite pwoblèm) ki la pou moun respekte nan angajman Leta oubyen kèk enstitisyon pran pou trete konfli yo.

Pou w travèse soti nan vizyon pèsonèl la pou w rive nan vizyon kolektif la, soti nan reyalite prive pou w rive nan reyalite piblik la, men kèk bagay ou pa ka kite dèyè tankou:

1. **Gran sikonstans (sitiyasyon)** kote konfli a pran rasin nan tankou: konfli a rive pou dlo, èske se nan mitan yon eskandal politik ki pete sou nouvo lwa sou dlo a, oubyen èske vyolans ak ensekirite a rive nan kontèks yon estrateji pou lapolis goumen kont dwòg. Kontèks la kapab chanje seryezman nivo konfli nou gen devan nou an.
2. **Fason enstitisyon leta ak gouvènman yo reyaji** devan konfli ki nan zòn nan (yo fè kòmsi yo pa wè konfli a, yo trete an gwo ponyèt moun k ap manifeste oubyen pale sou konfli a nan lari, y ap bay lidè kominote a presyon, mete bon kanal kominikasyon, elatriye). Tout solisyon rate yo te vle bay swadizan pou rezoud konfli a nan tan pase yo ak konsekans echèk sa yo te genyen, tout sa antre nan sikonstans oswa kontèks la.
3. **Fason òganizasyon yo nan kominote a kominike youn ak lòt** (vwazen yo, komite katye a, asosyasyon paran yo ak lòt ankò).
4. **Kisa konfli a koute nou angwo**, pa egzanp: Kisa pwoblèm sa a fè nou epi kilès k ap peye sa? Konbyen mwayen ki te envesti oubyen n ap bezwen envesti pou kanpe tèt dwat devan pwoblèm sa a?
5. **Kilès nan “kontak serye” yo ki disponib** (moun ou ka pale ak yo) nan Leta, sektè prive, òganizasyon sosyete sivil yo nan peyi a.

Anpil enstitisyon nan kominote a ap kab antre piti piti nan jwèt la pou ankouraje kèk akò ak fason pou n pwoche sou pwoblèm yo nan yon ti tan ki pa twò kout: tankou komite katye, legliz, sant sante, lakomin, lapolis, lekòl ak lòt enstitisyon.



Yo kenbe yon wonn lojik refleksyon↔aksyon / refleksyon↔aksyon tout tan


Ti Platfòm pou Lapè yo pa yon kote pou moun sèlman vin pale, vide tou sa ki nan kè w deyò non, ni se pa klèb kote pou moun vin fè plis lòt zanmi. Yo la pou pote chanjman klè toutbon nan lavi Katye a ap mennen chak jou epi ankouraje moun yo reflechi serye sou vyolans yo.

Travay sa a mande yon ekilib nan refleksyon ak aksyon an wi:

Yon refleksyon ki rete vid san aksyon osinon pratik se yon fason pou bloke chanjman an. Yon aksyon osinon pratik ki pa chita sou refleksyon se tankou yon avèg ki anvi mache epi kè li sou biskèt pou fè sa.

Nan de (2) ka yo, bagay yo chanje jan w ta vle a. Men li enpòtan pou chanjman an fèt soti nan pi piti pou rive nan pi gwo (soti anba moute anwo). Nan chapit pi devan an n ap vini ak yon gid byen detaye sou kijan pou w mennen refleksyon sa a ki pral debouche sou pratik la oswa aksyon an


Si n fè yon bak tounen sou desen Lederak la, jan mesye sa a prezante Platfòm pou lapè a, n ap wè kijan refleksyon ak aksyon “danse” ansanm tankou yon resò:



Koulye a nou vle fè refleksyon sa a tounen yon pwosesis ki byen òganize ki la tout tan, n a pral gade kèk moman kote patisipan yo sanble pou yo reflechi, evalye, ranmase, “rekòlte” epi konte sa yo te wè oubyen jwenn, epi analize kisa ki te bon (sa ki te fonksyone oswa mache) ak kisa ki pat mache epi poukisa sa rive konsa.

Avan n kòmanse, l ap bon anpil pou yon fasilite oswa yon fasilite ede patisipan yo poze kesyon k ap mennen refleksyon an, men depi patisipan yo kòmanse abitye, gwoup la ap vin aprann poze pwòp kesyon l yo.

Se nan menm tan an tou wi travay teren an “ak kominote a”, ki nan men nou an, se pa bagay pou moun al fè nan tèt cho san prepare non, se pou n chita travay ansanm sou chanjman nan kominote a.



Yo ankouraje relasyon orizontal.

Menmsi gen moun ki soti nan tout sosyete a kote yo chak gen mwayen pa yo, kapab gen otorite, men nan Ti Platfòm pou Lapè yo, tout moun gen menm dwa pou yo bay opinyon yo, menm dwa pou yo pa dakò ak yon bagay, menm dwa pou yo kore yon bagay ak panse pa yo.



Lè se relasyon enfòmèl nou genyen youn ak lòt, kote youn pa chèf lòt nan platfòm lan sa ede moun yo patisipe san yo pa bezwen rete rèd kon pikèt sou yon liy, sou “yon pozisyon fiks”, yo pa blije vote oubyen apwouve tout sa ki di kòm si yo te Lachanm Depite ak Senatè. Sa n ap ankouraje, se sa yo rele KONSANSIS avan nou “vote” a. Kote ki gen vòt toujou gen yon tikras moun, yon minorite ki pa kontan, yo fristre paske opinyon yo a pa pase; se desizyon majorite a ki pase.

Ti pwoblèm metodoloji sa a bay se kijan pou n konekte ti gwoup la ak sitiasyon katye a, epi vil la. Depi kontèks la pa byen analize, gwoup la ka devlope yon vizyon ki pa reyalis sou chanjman yo vle a, oubyen yo kite kèsote pote yo ale wi.

Lòt ti bagay nou rive remake: moun ki te rete nan yon katye kote ki te gen anpil vyolans yo ka pè pale sou kote vyolans la soti, rasin li.

Lè patisipan yo resi fin idantifye konfli yo, li difisil pou yo fikse yo sou solisyon lapè a pandan yo tou ap analize konfli a. Men se konsa pou yo fè li paske se pandan n ap reflechi sou konfli yo wi n ap jwenn kijan pou n fè lapè boujonnen.

Kisa n ap bezwen pou n tabli estrateji lapè sa a nan vil nou yo?

Menmsi estrateji sa a ka mache nan anpil kontèks, pou n mete l sou pye, kominote a bezwen reyini kèk ti kondisyon omwens:

- **Kèk moun eksprime yo ki vle di fòk nou gen kèk lidè fòmèl ak enfòmèl ki enterese, ki dispoze patisipe epi ki konvoke lòt moun.**
- **Vyolans pa dwe bloke kapasite òganizasyon an genyen pou soutni inisyativ la, sa vle di fòk moun yo lib pou reyini ak moun yo san sa pa menase lavi yo. Si gen presyon, entimidasyon, kèsote sou gwoup yo se tankou yon kontwòl ki sou yo pou yo pa ka travay. Nou pa ka demare ak yon Ti Platfòm pou Lapè si moun yo pa ka fè reyinyon libelibè.**
- **Dwe gen omwens yon fason pou moun ki nan konfli yo kominike nan kominote a; si se pa konsa, depi n ap fòse moun yo dyaloge, konfli a ap vin pi grav. Donk sa mande pou n antrene avan nou kòmanse travay la.**
- **Patisipan yo bezwen konnen modèl fondamantal la byen, poukisa li la epi ki etap ki dwe franchi yo.**

Metodoloji Ti Platfòm pou Lapè yo kapab aplike nan anpil espas nan vil yo ki nan diskisyon men ***l ap mande pou yo toujou reyadapte li pou 2 rezon: 1) kilti zòn nan; 2) kontèks zòn nan. Lè metodoloji a pral aplike nan yon kontèks tou nèf, li enpòtan pou se ak kèk eksperyans (pa anpil) nou kòmanse, n ap reflechi sou yo pandan n ap avanse jouk nou fin mete teknik yo kòrèk nèt.*** Avan nou demare ak metodoloji Ti Platfòm pou Lapè a, gen kèk nan aspè kiltirèl osinon kontèks la nou ta dwe evalye tankou:

- Kijan moun nan kominote a wè reprezantan Leta yo nan zòn lan?
- Kijan moun yo wè sa lè yon twazyèm moun vin pale nan bagay ki pase ant 2 moun pou fasilite yo jwenn yon solisyon oubyen pou ede youn pale ak lòt?
- Ki aktivite nou ka aksepte kòm “pwen demaraj” pou n mete platfòm lan sou pye (egzanp yon sant medyasyon mobil, teyat fowòm, bibliyotèk, elatriye)?
- Èske li posib pou n kòmanse ak yon gwoup ki gen tout kalite moun ladan l oubyen li pi bon pou n travay ak you sèl kalite moun nan gwoup moun k ap souffri yo (jèn, fanm, timoun, elatriye)?
- Kijan ou wè moun yo konprann diferans ant bagay ki piblik ak bagay ki prive?
- Kilès sa yo ki lidè “anba anba” yo, yo rekonèt kòm lidè enfòmèl oubyen moun ki gen enfluyans nan kominote a?
- Ki enstitisyon piblik moun yo fè konfyans oswa yo pa fè konfyans?
- Ki mo kle ki mache ak konfli epi lapè men ki vle di yon lòt bagay nan zòn nan?

REZIME CHAPIT LA

Yon Ti Platfòm pou Lapè se pa nenpòt gwoup refleksyon ak aksyon. Gen kèk kritè oswa kondisyon fondamantal ki fè w rekonèt yon Ti Platfòm pou Lapè: yo fè ti gwoup, yo gen kòm objektif pou yo chèche lapè, yo pa gen chèf k ap dirije yo, aksyon yo mennen pou rezoud konfli a, jan yo travay nan yon wonn refleksyon↔aksyon - refleksyon↔aksyon ak enpak yo genyen sou desisyon enstitisyon nan zòn nan pou fè yon chanjman dirab.

AKTIVITE FÒMASYON

Fè 2 ou 3 ti jwèt ak gwoup la pou “chofe” moun yo epi kreye kondisyon konfyans ak respè nan gwoup la. Fè moun yo separe yo 2 pa 2 epi mande yo reflechi pandan 2 minit kote y ap aplike zouti kominikasyon yo nan anpil kalite sitiyasyon: Koute ak enterè, rezime, elatriye. Separe ekip la an plizyè gwoup epi mande yo idantifye sitiyasyon ki pa ankouraje moun kòmanse yon Ti Platfòm pou Lapè epi mande tou eksplike poukisa.

DEBA AK REFLEKSYON

1. *Nan ki sitiyasyon li pa twò bon pou louvri yon Ti Platfòm pou Lapè epi poukisa?*
2. *Ki enkonvenyan ki genyen si Ti Platfòm lan gen yon direktè oswa yon direktis oubyen yon prezidan nan tèt li?*
3. *Jis kibò Platfòm pou Lapè yo ta dwe fè medyasyon nan konfli espesyal yo anndan kominote a?*

3. Travay Refleksyon↔aksyon ak Kominote a

ANN PALE KLÈ:

1. **KILÈS ki dwe fè refleksyon↔aksyon sa a?:**

Se tout manm Ti Platfòm pou Lapè yo men se ekip fasilite, fasilitatèz yo k ap gide refleksyon an.

2. **KILÈ menm yo fè refleksyon↔aksyon an?**


Avan yo monte Ti Platfòm pou Lapè a, "Gwoup fasilite" an ap mete premye faz estrateji a sou pye, y ap pare teren an epi analize aktè yo. Lè Ti Platfòm lan fin fèt, tout moun ansanm va mennen lòt aksyon yo.

3. **KIBÒ yo fè sa menm?**

Premye reyinyon yo ap fèt nan lokal yon enstitisyon. Lòt reyinyon ki va genyen yo kapab fèt nan lekòl, kay, legliz oubyen kote gwoup la santi li alèz.

4. **KOMBYEN kòb sa ka koute?**

Ou pa ta kwè sa, li ka tèlman pa chè kote se yon tas kafe sèlman chak moun ap jwenn.



Ti Platfòm pou Lapè yo pa mache tankou gwoup estratejik k ap travay poukont yo, osinon ti gwoup moun k ap ede pwòp tèt yo, men yo se yon ekip k ap travay yon fason kote yo blije mete divès aksyon ansanm nan nivo ti gwoup piti yo, kominote a ak enstitisyon ki nan zòn nan. Men kèk nan aksyon yo:


1. Estrateji pou yo pote atansyon yo sou konfli a epi **diminye oswa elimine vyolans nan konfli a**
2. Yon pwosesis analiz kote tout moun nan kominote a patisipe epi yo toujou pote eleman tou nèf vin kore li.
3. Ti Platfòm pou Lapè yo se **ti gwoup k ap travay** epi bwase lide sou tèm ki gen pou wè ak lapè.
4. Estrateji **travay ak kominote a**: mach nan katye a, aktivite animasyon ak ekspozisyon sou lapè (jwèt, liv, fim, desen), aktivite kiltirèl ak tout lòt aktivite ki ka ede sitwayen yo repran espas piblik la pou yo viv ladan l ak kè poze youn ak lòt.
5. Aksyon pou **enfliyans politik ak enstitisyonèl**: platfòm lan pran desi-

zyon ak kominote a pou kominote a (negosyasyon konfli, kreye estrikti ki reskonsab travay sou konfli yo, pran desizyon, fasilite tètansanm ant oganizasyon ak enstitisyon nan zòn nan, ede zòn nan jere tèt li, ede katye a jere bagay pou amelyore sitiyaasyon an, jere malè pandye oswa risk, elatriye).

Aksyon sa yo fonksyone nan twa (3) nivo travay diferan:



Jan Pòl Lederak (an 2008) nan liv li ki rele “Imajinasyon Moral la”, di konsa yon Platfòm pou Lapè se tankou yon zarennyen k ap tre-se nich li. Men “nich” sa a nou rele Platfòm pou Lapè a pa yon bagay fiks oswa rèd kou pikèt, se pito yon bagay ki toujou ap chanje fòm kote aktè yo ap fè ale vini pandan y ap pale ansanm soti nan enstitisyon yo pou rive kote vwazen yo, soti nan gwo objektif tout moun vle atenn yo pou rive nan bagay ki pase chak jou nan lavi a.



Estrateji pou antre nan jwèt la: Trete konfli yo san vyolans

Menmsi yo rele l estrateji pou antre nan jwèt la, men li pa rete anpil tan nan kominote a pou ede plis moun antre nan jwèt la. Nan eksperyans Gwatemala a, avan n te fè Ti Platfòm pou Lapè yo, Gwoup SEYIBA a te reyamenaje yon kamyon epi li mete l nan kominote a pou fè vire tounen pandan l ap trete konfli yo. Men sa ki te anndan kamyon sa a: yon chanm kote te gen yon enfimyè pou ta bay moun premye swen si sa ta nesèsè.

Nan ka Gwatemala a, kamyon an te chak jou nan yon katye diferan. Nan ka sa a yo te rele kamyon an “Ti Bourik Lapè a” paske jèn yo nan vil Gwatemala te rele machin k ap fè transpò piblik nan katye yo “Bourik”. Sou kote chanm kote enfimyè a ye a, te gen 2 lòt chanm ki te la pou medyasyon, medyatè yo ak enfimyè a te aprann teknik medyasyon ak tretman konfli yo pou yo te fè dyalòg nan tout ka ki mande sa.



Estrateji sa a mache ak sa nou rele « Estrateji Antre » nan liv la. Estrateji antre a se yon fason wi pou n antre nan kominote a ak yon mesaj moral diferan anfas sitiyaasyon konfli a. Yon bon estrateji antre pa oblije yon kamyon oubyen yon bis, men li dwe ranpli wòl sa yo:



- Fòk se yon fason atiran pou rale moun nan katye a vin gade.
- Fok gen yon mesaj pou lapè, yon mesaj senp pou lòt moun yo deside viv ansanm epi aprann.
- Ankouraje vwazen yo travay ansanm yo menm epi ak pwogram lan tou.
- Rive toupatou nan kominote a an menm tan.
- Ede moun yo wè konfli ki nan zòn nan epi pou yo gen yon espas pou travay sou yo nan kominote a.
- Ankouraje lidè ki nan zòn nan pale youn ak lòt san konplèks.



Nan ka Gwatemala a, Ti bourik Lapè yo te sèvi kòm sant pou rezoud oswa trete konfli yo, men tretman konfli sa yo se te yon pati nan gwo travay pou transfòmasyon kominote a.



Reflechi sou sa k te pase yo: yon Defi serye nan Ti Bourik Lapè a.

Mete yon sant mobil pou rezoud konfli nan yon katye se pa yon bagay ki senp non, men l ap pi konplike toujou si nan katye sa a laperèz ak ensekirite t ap taye banda plizyè lane deja lè n gade kantite moun yo touye la a, mezi bagay moun yo vòlè, trafik dwòg ak tansyon ki gen ant Lapolis ak plizyè gwoup gang nan zòn nan.

Medyasyon an sanble se yon bagay tou frèt, tou timid lè n ap gade jan yo konn rezoud kèk konfli nan gwo ponyèt. Men, nan anpil sitiyasyon, pa gen anyen ki mande plis kou-raj pase desizyon pou w pale epi tandè moun paske goumen pi fasil pase sa. Ekip medyasyon an te blije debouye yo ak sitiyasyon konsa wi nan eksperyans “Ti Bourik Lapè” a.

Sekirite ekip la ak kamyon an menm te chita sou konfyans ak respè yo te jwenn nan kominote a. Se vre, pou yon òganizasyon tankou SEYIBA ki gen pase 20 lane depi l ap travay nan zòn nan, l ap pi fasil pou yo fè lide li a konfyans pase yon inisiyativ tou nèt moun pral kòmanse travay ladan l.

Yon lòt kote, se pa paske moun yo dakò ak pwojè a ki fè yo konn kisa medyasyon an ye epi yo pote tèt yo vini yon sèl kou. Ekip la te blije pase 2 mwa ap sansibilize kominote a nan vizite lekòl yo, legliz yo, komite zòn nan, otorite ki nan zòn nan avan yo te kòmanse ofri moun yo medyasyon an.

Enfimyè a, ki la a, ta sanble ak “strateji antre” a. Se travay enfimyè a ap fè a ki louvri yon espas pou moun yo antre nan kamyon an epi se la y ap konn sa ki medyasyon an.

Nan Kominote Aprantisaj AFSC ap ankouraje sou Entènèt la, patisipan Amerik Latin yo fè eksperyans ak anpil solisyon tankou estrateji pou antre nan kominote a, ladan yo, gen teyat (nan peyi Dayiti), Foutbòl (yon fwa nan Kolonbi), mizik (yon fwa nan peyi Pewou) ak aktivite atistik nan lari (nan peyi Meksik), men pa gen youn ladan yo ki konekte moun yo dirèk konsa nan lide transfòme konfli yo, tankou sant mobil medyasyon yo.

Menmsi gen avantaj sa a, yon sant mobil k ap fonksyone pa ka garanti w Platfòm pou Lapè yo va mache, men se yon bon fason pou mete nan moun zòn nan yon lòt jan pou yo viv ansanm san vyolans.

Pare teren an:

Avan w kòmanse ak Ti Platfòm pou Lapè yo ak tout travay pou w vin gen gwo platfòm lan, fòk ou pare kèk bagay ki pou fè moun nan kominote a patisipe. Premye bagay la se pou w chache idantifye moun enpòtan nan kominote a k ap ka nan gwoup k ap ankouraje Platfòm pou Lapè a.

Li enpòtan anpil pou w fè yon kat kominote a kote w dwe idantifye bagay sa yo:

- Ki lidè fòmèl ou enfòmèl ki gen plis enfluyans nan kominote a?
- Ki sitiyasyon sosyoekonomik ak kiltirèl moun yo ki rete sou katye a?
- Kisa ki manman rasin sitiyasyon konfli ki nan zòn nan?
- Kilès ki reprezante Leta nan zòn nan epi ki wòl Leta a jwe la?
- Kilès moun sa yo vyolans la plis maspinen?
- Ki kalite vyolans ki parèt akèlè nan zòn nan menm?

- Ki pwogram ak enstitisyon k ap fonksyone nan kominote a pou ede li? Nan kisa pwogram sa yo konsantre yo menm?
- Ki lòt inisyativ lapè yo te seye deja? Kisa k pase ak jefò sa yo?

Ou ka sèvi ak teknik byen reyèl pou w fè Kat kominote a: ti ankèt (fòmilè moun yo ka ranpli poukont yo), entèvyou kay moun nan katye a, gwoup diskisyon, analiz rapò lapolis oubyen lòt dokiman ki egziste ak anpil lòt teknik ki mande patisipasyon moun yo.

L ap bon wi kèk fwa si w fè yon kat kominote a menm epi idantifye kèk pwen referans sou li, zòn ki gen plis konfli, elatriye; men kat sa a dwe montre jan kominote a sèvi ak kominote a olye se yon teren ak kèk kote ladan l nou montre.

L ap itil anpil si w ta gen yon lis lidè ak aktè zòn nan ki ka sèvi pou konekte moun (Konektè), moun ki ka resevwa yon Ti Platfòm lakay li. Men fòk ou chache konnen si lidè sa a pa mare ak yon pati politik, yon gwoup ki ka fè presyon, oubyen nenpòt ki lòt angajman ki ka fè kominote a yon ti jan pentad.

Sa pa vle di pou w sèvi ak prensip sa a 2 je fèmèn non paske anpil fwa gen moun ki gen gwo angajman nan politik men yo ka pale byen ak lòt gwoup moun san mele pwopagann ladan l.

Defini “Poto Kwen” yo nan kominote a: Gwoup kap jere bagay la.

Nòmman, nan demare yo, Platfòm pou Lapè yo kapab se yon inisyativ yon enstitisyon nan zòn nan pran tankou Lameri, yon ONG, yon legliz oubyen yon komite. Lè yo deside komanse ak yon pwogram pou lapè nan zòn nan, li t a bon pou yo fòme yon ekip moun ki volontè, pwofesyonèl, lidè nan zòn nan elatriye ki ka fè ide a pran fòm, fè l sanble ak yon bagay: Ou kapab di sa a se gwoup k ap jere bagay la. Moun sa yo dwe pran fòmasyon sou sa yo rele Lapè nan vil yo, kisa li bay, zouti analiz konfli (konektè ak divizè yo), zouti pou planifye travay nan kominote a ak teknik pou fasilite dialòg nan ti gwoup moun yo.

Ou ka planifye fòmasyon yo ak atelye yo youn oubyen 2 jou nan semèn nan pandan ekip la ap antre serye nan kominote a pou fè kèk aktivite ki pa twò konplike nan premye mwa travay yo.

Pandan preparasyon sa a, ekip fasiliteasyon an ap pare li epi gen kèk gwoup ak lidè nan zòn nan k ap pare yo tou. Sa pa yon egzijans nou, pou yon fasilite, fasilite (kap travay 8 tèt tan chaj jou) gen plis pase 5 Ti Platfòm pou Lapè sou kont li, paske pou travay la byen soti vre fòk Ti Platfòm pou Lapè yo pèmèt chak manm yo ka pale san pwoblèm youn ak lòt.

Konbyen moun mwen genyen? - Sou konbyen moun mwen ka konte?

Gen anpil degre yon moun ka angaje li nan yon Ti Platfòm pou Lapè a. Ann gade:

FANATIK LA:

Moun sa a enterese nan bagay la, li renmen sa, sa atire li men li pankò ka kite sinema a osinon match foutbòl la pou l ale nan reyinyon k ap fèt sou Ti Platfòm lan; moun sa a ka achte yon boul bòlèt men li pa ka ale gade ki nimewo ki soti. Li ka pran lari epi pale sou Ti Platfòm pou Lapè a, men li p ap prete kay li pou ekip la fè reyinyon, se yon obsèvatè k ap gade sa k ap pase.

KOLABORATÈ A:

Moun sa a pi dispoze limenm, li ka kite bagay li renmen, bagay ki ede l repoze tankou dòmi lontan jou dimanch yo, leve byen ta, li ka kite tout bagay sa yo pou l bay yon kout men wi men li pa pral pi lwen pase sa. L ap prete w lakay li men li p ap bay kafe, l ap sèlman ba w yon ti kwen nan kay la. Li fè plis efò pase fanatik la.

RESPONSAB LA:

Moun sa a nesèsè anpil pase lòt kalite yo. Li rive bonè nan reyinyon an, li mennen plis moun vin tandè lide a, li anrichi diskisyon an ak bèl lide li yo, li ka bay kafe si nou bezwen, li rale anpil kolaboratè nan gwoup la epi li konn anpil fanatik; sa li fè deja fè nou ka lage responsabite enpòtan sou kont li tankou lojistik (kote nap reyini, ranje chèz, kouvri tab la, mete dlo pou moun yo bwè, bay ti bonbon; li ka mennen diskisyon an ak respè. Li konn tout sa ki dwe fèt, li aji. Li pa rete ap gade non, li pa yon fanatik oubyen yon kolaboratè.

KONPLIS LA – PATIZAN AN:

Se nannan òganiizasyon an li ye, li plis pase yon kolaboratè, li vini ak tèm tou nèf nan reyinyon yo, li devan lè gen aksyon chanjman k ap poze, li bay kay li, li lave veso li te pote epi separe kafe a, li rive avan nan reyinyon an epi si gen yon bagay nou bezwen li pote l vini vit, lè bat bouch la twò piti li pa manje pou lòt moun ka jwenn. Li pre pou fè sakrifis, leve bonè, li mennen moun vini nan reyinyon an, li pote kichòy tou. Li tankou lè òganizasyon an respire a, men papa se pa li k ap fè òganizasyon an grandi non.

MÈT AFÈ A:

Se lavi l li vle bay pou Ti Platfòm pou Lapè a devlope, li devan nan tout sa k ap fèt epi li la ak moun ki bay lide a, li chache jwenn tou sa n ap bezwen, li pran responsabilite l nan kominote a pou bagay yo chanje paske l ap chèche byen pou tout moun, li konnen demen ap toujou pi bon.

Moun yo toujou kòmanse nan nivo FANATIK la. Si w ta wè Ti Platfòm ou an gen anpil moun sa yo, kè w pa bezwen sote, okontrè se pou w travay pou fè yo travèse lòt etap yo piti piti. Gade desen piba a ki montre tout etap yo, louvri je w byen sou sa ki di a nan jan desen an fèt la pou w ka wè jan bagay la ye nan Ti Platfòm ou an.

MET AFE A: Devan nan tout bagay, gran responsab, yon moun òganize, tout zafè l lojik, li chanje bagay yo, li aji. *Li tankou w..*

PATIZAN AN: Li devan pou chanjman, li pral nan mach la, l ap bay kay li, l ap lave veso yo, l ap mete tout fos li, li pre pou sakrifye l pou lezòt yo.

RESPONSAB LA: Li gade lè a epi l vini bonè, li mennen plis moun, li pale epi l bay bon lide, li wè sou kisa nou ta dwe pale, li bay sa l genyen pou travay la.
Nou ka kwènanli nanli li

KOLABORATE A: li renmen konferans espesyal yo, aktivite kote li wè l enpòtan, se bon moun pou lojistik, li fè sa l kapab pou gwoup la alèz.

FANATIK: Li renmen wè bagay yo tankou yon mizik, yon teyat, yon tablo moun ap fè ansanm, yon prezantasyon. Li nan tout bagay kote li p ap responsab anyen pou l fè. *Se moun espektak papa!*

AFSC (2012)

Kesyon pou w reflechi:
*Nan 5 nivo sa yo kilès ki plis parèt nan
Ti Platfòm pou Lapè ki nan kominote w la?*

Foto nimewo 1

Dyalòg manm Ti Platfòm pou Lapè ak Lapolis, nan vil Gwatemala, an 2011



*Guatemala City - Neighbor's Peace Platform
SOUS: Group Seyiba a*

Li bon pou n konn sa wi: se pou gwoup k ap jere bagay la pa bare lidè zòn yo sitou lè yo gade gwoup la tankou “moun deyò”. Sa a se yon reyalite, ou p ap ka chanje, jan moun yo konn dirije moun parèy yo rèd lè yo soti deyò ak estil pa yo pote ba yo. Sa ki ta ka bon pou w ou se wè si gwoup la pa ta gen fòm yon enstitisyon ak yon prezidan, yon direktè nan tèt li; li t ap pi bon si n òganize l yon fason pou tout moun santi yo dwe patisipe youn ansanm ak lòt.

Analiz aktè enpòtan ki kapab ankouraje Lapè yo

La a, nan analiz la, n ap idantifye moun yo, enstitisyon yo ak eksperyans tout moun genyen ansanm ki pèmèt youn vin fè lòt konfyans nan kominote a epi k ap kapab fè tout moun fè yon sèl nan yon travay tèt ansanm menmsi gen konfli nan mitan yo.

Konektè sosyal yo: Se yon seri eleman ki ka fè moun yo mete tèt ansanm malgre gen konfli ak anpil diferans nan katye a oubyen nan kominote a. eleman sa yo kapab se eksperyans tout moun te viv ansanm, moun oubyen lidè, valè, enstitisyon oubyen pwogram, kèk kote oubyen kèk senbòl.

Kesyon enpòtan:

Ki moun sa yo ki patisipe toutbon nan lavi katye a san yo pa okipe yon pozisyon ki ka bay pwoblèm? Èske moun sa yo gen resous pou yo poze aksyon pou lapè nan kominote a?

Ki kondisyon moun k ap patisipe nan Ti Platfòm pou Lapè yo dwe ranpli lè nou konnen objektif nou se kreye konfyans nan moun yo pou lapè ka boujonnen?

Kèk aktivite pou analiz la:

- Chwazi bay chak gwoup pwoblèm ou te idantifye nan sesyon pase a yon koulè epi w ap koupe divès koulè yo nan yon papyè bristòl mete la; yon egzanp: Vyolans lakay (wouj), pwoblèm pou rezoud nan lari a (jòn) jouk ou fin bay chak gwoup pwoblèm yon koulè nèt.
- Ale apa epi fè yon lis enstitisyon, lidè, kote, eksperyans, valè, aktivite oubyen pwogram ki toujou fè moun yo mete tèt ansanm nan katye a oubyen nan kominote a.
- Mete lis non yo nan yon tablo kare oubyen rektang epi mete sou kote yo chak (asosye yo ak) koulè w te taye nan bristòl la, men, nan panse w, ou konnen se sou pwoblèm lan moun sa yo oubyen aspè sa yo ka gen yon enfluyans pozitif.
- Seleksyone yon ti gwoup “konektè” epi, nan yon twazyèm kolòn, w ap di konbyen kapasite oubyen resous eleman konektè sa a genyen pou enfluyanse lòt bagay yo.
- Lè w fini egzèsis la, sa ka rive w rive idantifye kèk moun k ap enpòtan pou yo patisipe nan Platfòm pou Lapè a nan tan k ap vini yo.
- Lè w fini, reflechi ansanm ak moun yo sou kijan n ap ka fè eleman sa yo vin pi dyanm, yo menm ki fè “koneksyon” sou katye a.

Analiz konfli a

Nou pa konseye w demare yon Platfòm pou Lapè yon kote w pa byen konn anviwònman an, si w pa fè yon bon analiz sou eleman ki ka konekte kominote a ak pwòp tèt li epi eleman ki ka lage gwo divizyon ladan l. Se pou sa li enpòtan anpil pou w refè dyagnostik ou te fè avan gwoup k ap jere bagay la, se lè w fini dyagnostik sa a ou kapab analize konfli a.

Sa yo rele Analiz Konfli a se yon fòm “ki pa dwat” pou w konprann sa k ap pase nan yon kominote, sa vle di se pa nan fòm 1, 2 3... non, men li pito pèmèt ou idantifye “sous tansyon” yo epi “kapasite pou fè lapè boujonnen”, men tou sa ap chita sou zouti CDA te devlope (nan lane 2009 la) e ki te pèmèt ou analize Konektè ak Divizè yo.

Lè nou fin analize tout “sous” sa yo, ak jan yo fonksyone sou kat zòn yo, lè a rive pou w mande gwoup, k ap jere kesyon an, reflechi sou mesaj moral aktivite Ti Platfòm pou Lapè yo dwe pote. Ki wòl Ti Platfòm pou Lapè yo genyen parapò ak sous konfli sa yo? Kijan Ti Platfòm pou Lapè yo kapab fè kapasite nou te wè yo vin dyanm pou yo fè lapè boujonnen toutbon ?

Konsa, analiz konfli a p ap chita sèlman nan travay teren an, men l ap pèmèt nou konprann epi defini pito ki kalite chanjman nou panse n ap ka pote ak estrateji nou genyen la a. Analiz sa a pral montre toutbon èske gen yon pwoblèm kominote a “santi” vre jouk pou moun yo ta bezwen travay pou lapè.



Founi je gade konfli chak jou yo ak kote sous pouvwa yo ye nan zòn nan

Pou analiz sa a fèt, fòk nou reflechi epi ranmase enfòmasyon sou 3 pwen enpòtan:

1. Sous tansyon yo nan katye a
2. Nan ki sitiyasyon katye a ye
3. Pwoblèm ki ka anpeche Ti Platfòm pou Lapè yo devlope.

Kesyon enpòtan:

- Kòman n ap fè konn ki wòl moun yo ak enstitisyon yo jwe nan divès konfli yo?
- Ki eleman politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki ka anpeche oubyen ede travay ti Platfòm yo?
- Ki sous (moun oubyen enstitisyon) ki ka yon obstak oubyen reprezante yon danje pou Ti Platfòm yo?

Aktivite nou pwopoze pou analiz la:

- Pale (fè entèvyou) ak divès moun nan kominote a sou kijan kominote a te ye kèk ane anvan epi kisa ki chanje ladan l koulè a.
- Idantifye pwoblèm nan katye w la epi gwoupe yo sou yon lis. Apre sa, chèche idantifye kèk nan rasin pwoblèm sa yo gen ansanm. Ki kote yo soti? Kisa ki fè yo vin pi mal, dapre pwoblèm santral yo ak lòt pwoblèm ki soti ladan yo.
- Fè yon lis moun “kle” (lidè, otorite nan zòn nan, lidè enfòmèl yo, moun ak enstitisyon nan kominote a) epi gade oswa idantifye kilès nan yo ki ka jwe yon wòl enpòtan nan chak ka gwoup pwoblèm
- Pou egzèsis sa a ou kapab sèvi ak kat ou fè ak bristòl oubyen papye epi wa sanble yo apre.
- Lè w fini, tounen gade nan kesyon yo pou w wè si w ka gen yon konklizyon.

Pou w fè analiz sa a, ou ka sèvi ak divès kalite lòt zouti (ale gade nan anèks yo).

Defini yon pwen ki enterese nou tout: Chanjman nou tout vle a.

Depi n fin konprann konfli yo pi byen, kote yo soti, koulye a nou dwe defini ki sitiwayon nou vle chanje nan kominote a, epi kilès nan chanjman sa yo nou vle fè nan yon ti tan kout, yon ti tan ki pa twò long ak yon tan ki pi long. Nou ka fè travay sa a nan chak Ti Platfòm pou Lapè yo. Apre sa, nou kapab pataje rezilta yo nan yon pi gwo reyinyon kote tout ti platfòm yo la pou nou ka eseye gen menm vizyon sou sa.

Defini ki kalite chanjman nou vle a

Kesyon enpòtan:

- Kijan nou wè lapè nan kominote nou an (ak kisa nou vle lapè nan kominote nou an sanble)?
- Kisa nou vle chanje serye nan kominote a menm?
- Ki prensip moral nou genyen, ki valè nou tout genyen epi kijan chanjman n ap pote nan kominote a ka montre sa?

Aktivite nou pwopoze pou fè analiz la:

1. Separe nou an divès ti gwoup epi diskite ansanm, nan chak gwoup, sou kisa lapè a ye pou nou.
2. Ann li definisyon LAPÈ NAN VIL YO sa a ansanm: lè moun yo ap viv nan yon espas lavil yo, yo rive gade ansanm sa yo bezwen ak sa ki enterese yo epi yo rive konprann byen konfli yo genyen yo; yo rive jwenn jan pou yo chèche ansanm epi tout tan kisa k ap fè tout moun byen, yo rive diminye kantite moun yo mete sou kote, ansanm ak vyolans la jan yo konn sèvi ak li kòm sèl mwayen pou yo fè fas kare ak diferans yo genyen, ak kriz y ap travèse epi sa yo pa genyen.
3. Ewflechi ansanm san fè bri. Apre s abrase lide sou kesyon sa a: Kijan lide lapè sa a konekte ak lide nou chak la a te genyen? Kisa lapè vle di nan vwazinaj bò lakay la?
4. Fè yon lis ak tout bagay moun yo di sou lapè a

Estrateji travay ak kominote a:

La a, nan analiz nou an, n ap chèche idantifye divès aksyon ki ka ankouraje chanjman nou vle nan katye a osinon nan kominote a. N ap analize avantaj yo, pwoblèm yo ak resous n ap bezwen pou n mete estrateji a sou pye, men n ap toujou gen nan tèt nou sila yo ki pi frajil yo oubyen ki plis nan malè pandye, ki plis an danje.

Lè n rive la a, Ti Platfòm pou Lapè nou an ka fè yon ti ajenda pou aktivite yo, ki travay nou bezwen fè ak ki dat pou yo fèt.

PLANIFYE TRAVAY AK KOMINOTE A

Kesyon enpòtan:

Kijan pou n fè gwoup moun, ki plis an danje parapò ak vyolans yo, antre nan jwèt la, epi fè yo santi estrateji nou an se bagay pa yo menm li ye?

Aktivite nou pwopoze pou fè analiz la:

1. Retounen nan analiz konfli n te fè a, epi gade kilès nan definisyon lapè ki gen relasyon ak pi gwo sous konfli yo.
2. Kisa ki ta ka objektif Ti Platfòm yo pou yo ankouraje lapè nou vle fè boujonnen an? Fè yon lis ki gen 3 rive 5 objektif pou ane nou ye la a.
3. Nan kilès, nan 3 nivo oswa tan yo, objektif sa yo ye?
4. Èske objektif sa yo gen pou wè ak pi gwo konfli ki gen nan kominote a?
5. Ki konektè n ap bezwen fè vin pi dyanm pou n ka atenn objektif sa yo?
6. Kijan nou ka fè konektè sa yo vin pi dyanm?
7. Si anviwònman kote w ye a pèmèt sa, fè ak timoun oubyen jèn yo, kèk "travay atistik" (desen, teyat, makèt, logo) ki montre kisa lapè a ye pou yo nan kominote a

Sa ki enpòtan pou n konnen: okòmansman, nou pa ta dwe planifye anpil aktivite, sa va ba n ase tan pou n fè travay nou te deja planifye yo, konsa tout manm ekip la ap ka reflechi sou pwòp travay yo gen pou yo fè ansanm.

Depi n fin defini premye aktivite ki pou fèt yo, gwoup la ka demare ak sa ki pwosesis refleksyon→aksyon nan Ti Platfòm nan. Pwosesis sa a pa janm fini. Se yon aktivite kote manm Ti Platfòm yo ap toujou reyini, nan yon dat fiks, pou yo gade travay yo epi reflechi sou lapè a (gade evalyasyon an) ak jan lapè sa a ka boujonnen, ak aksyon y ap poze nan kominote a. Nan reyinyon sa yo, yo ka chanje objektif yo, mete lòt aktè nan jwèt la, planifye lòt estrateji nan kominote a.

Tout Ti Platfòm yo ap reyini, nou espere moun, ki patisipe nan reyinyon an, yo vin pi bon lidè, yo ka domine konfli yo epi travay ak katye a. Y ap kapab kreye espas kote moun yo vin gen plis konfyans nan parèy yo ki nan kominote a epi youn vin ka ede lòt, y ap fè tou sa nan solidarite ak respè pandan yo pa sispann ankouraje tout moun travay pou lapè a yo menm menm. Se pa solisyon ki ka soti lòt kote, se yo menm ki dwe fè sa.

Platfòm pou Lapè:

Estrateji pou marye Ti Platfòm yo ansanm.

Aprè Ti Platfòm yo pase kèk mwa ap travay, petèt lè a va rive pou yo tout, k ap travay nan katye a, reyini pou yo pataje ansanm kisa y ap fè. Reyinyon sa yo ka kòmanse ak kèk echanj sou travay yo, eksperyans yo, kisa yo aprann. Men lide a se pou reyinyon Ti Platfòm yo tounen yon espas kote Ti Platfòm yo ka brase lide sou pwoblèm yo tout rankontre nan kominote a epi ankouraje pi gwo chanjman, fè baz yo vin pi dyanm, bay fòmasyon epi òganize pi gwo aktivite nan kominote a.

Menm jan an tou, nan kèk tan, Platfòm lan ka tounen yon espas nòmal kote nou ka envite òganizasyon nan zòn nan, louvri dyalog ak yo epi brase lide sou tout kesyon ki enterese nou tout. Donk, ak Platfòm nan, nou kapab kòmanse panse kèk lòt bagay nou ka fè ansanm.

Malè ki pandye sou Platfòm lan, se lè moun bezwen fè l tounen “yon espas ofisyèl” pou fè l vin ap fonksyone rèd tankou yon enstitisyon, avèk yon komite kap dirije l, epi y ap chèche legalize l devan leta, osinon yo seye fè l tounen yon nouvo gwoup pou fè konkirans osinon polemik ak komite lokal zòn nan ki te egziste avan Platfòm lan epi pou yo febli travay komite a. Se la a wi nou pral wè jan prensip ki di “platfòm lan pa gen chèf nan tèt li a” enpòtan, nou tout gen menm otorite, menm dwa ak devwa. Nan eksperyans Gwatemala a, Platfòm yo te fonksyone tankou espas kote Ti Platfòm yo ak lòt aktè nan zòn nan ka kontre. Men yo pat janm fè l sanble ak yon enstitisyon. Se te pito yon espas dyalog pou fè travay enstitisyon yo vin pi dyanm.

TABLI YON PLATFÒM POU LAPÈ

Tabli yon platfòm pou lapè se yon travay ki kòmanse depi nan envitasyon yo pou rive nan aktivite ki pral dewoule yo ak planifikasyon dyalog patisipan yo. Nòmalman, nan premye reyinyon an, se yon echanj eksperyans gwoup yo fè, chak gwoup gen chans di ki eksperyans li te fè ak sa li aprann nan travay la, se yon moman yo pase tou pou youn vin konn lòt pi byen.

Nan anèks yo, ou va jwenn kèk aktivite ak zouti pou travay ak ti gwoup epi ti platfòm yo, men sa pa vle di w pa ka fè lòt non. Kreyativite w pa gen limit.

Kesyon enpòtan:

- Ki “konektè” nou gen nan kominote nou an”?
- Kijan n ka fè konektè sa yo vin pi dyanm?
- Kijan nou ka ankouraje chanjman oubyen kisa n ka fè pou chanje sitiyasyon an?

Aktivite nou pwopoze pou fè analiz la:

1. Fè egzèsis “Kafe Mondyal la” (Gade nan anèks la)
2. Envite moun nan yon fowòm k ap fèt sou yon tèm ki enterese tout moun.
3. Òganize yon chita tandè yon chita pale ki ouvè pou tout moun.

Estrateji pou ogmante enfliyans politik ak enstitisyonèl yo :

Travay dirèk ak kominote a pa sèl nivo ki genyen, dezyèm nivo travay la ap fèt ak enstitisyon ki nan zòn nan, men se nan Platfòm nan wi l ap fèt. Nivo sa a limenm li pi ofisyèl, epi li mande pou n vrèman pran tan nou, ak serye nou, pou n ka reyalize kalite chanjman nou vle nan kominote a, sa mande pou analiz sou moun ak enstitisyon k ap egzèse pouvwa nan zòn nan fèt byen.

Nan nivo sa a, li pi bon si Platfòm lan ta fè kèk ti komisyon oswa komite oubyen gwoup travay (yo p ap la pou tout tan non) k ap pwoche kote enstitisyon yo, envite fonktyonè Leta yo ki nan zòn nan pou prezante tèt pwoblèm devan yo, yo kapab fè kèk pwopozisyon oubyen yo kapab jwenn yon koutmen yo ka bay

pou fè chanjman nan kominote a, nan kesyon ki vrèman bay vyolans la jarèt nan kominote a. Travay sa a ta sanble ak “Jesyon”, men sa k ap la a toutbon se konvenk kad leta sa yo nan divès nivo pou yo wè jan konfli nan zòn nan enpòtan pou moun trete yo epi kijan n ap eseye fè sa. La a, kominote a ap chèche genyen “patizan lapè” li yo epi ansanm yap chèche ankouraje chanjman k ap nan benefis tout moun.

Soti nan yon pwogram pou bare vyolans k ap fèt anndan kay moun yo, pou rive sou yon plan pou mete limyè bò wout yo, sa ka gen pou wè anpil ak vyolans la. Se “konektè ak divizè”, nou idantifye nan sosyete a, k ap pèmèt nou wè relasyon sa a.

Soti nan chanjman relasyon yo pou rive nan chanjman sistèm lokal la

Youn nan pi gwo defi Platfòm yo genyen se rive enfluyans desizyon enstitisyon ki nan zòn nan. Se rive gen enpak sou jan moun nan zòn nan sèvi, sou estrateji ki pèmèt yo abòde sitiyasyon konfli yo nan katye a: vyolans sou fanm yo, vyolans gang yo, gwo diskisyon ak joure k ap fèt pou sèvis piblik yo, kesyon tè, delenkans jeneralize. Se kreye sistèm pou trete konfli yo epi pèmèt moun nan zòn nan patisipe, mete sektè prive a nan pwojè devlopman zòn nan ak anpil lòt bagay ankò. Wi, pi gwo defi a se jous ki kote nou ka fè enfluyans nou rive.

Nou p ap ka rive fè anyen nan sa n sot di anwo a chanje, si pa gen yon konsansis serye kote tout lidè nan kominote a, òganizasyon nan zòn nan, reprezantan gouvènman nan zòn nan, enstitisyon piblik ak sektè prive, yo pran angajman yo nan travay sa a. Se pa yon travay jodi pou demen non, menmsi ta gen akò ki siyen osinon desizyon ki pran nan zòn nan, sa pa garanti nou bagay sa yo pral fèt vre. Bon, menmsi yo ta kòmanse fèt, sa pa vle di kilti moun nan zòn nan (jan yo konn sèvi youn ak lòt) chanje. Se pou sa chanjman nan sistèm lokal la se bagay ki ka pran 5 rive 10 lane, selon sa Teyori sou Lapè yo di. Men sa ki


enteresan an, chanjman yo ap rive fèt kanmenm depi bon kondisyon ak estrateji yo antre nan jwèt la.

Kesyon enpòtan:

Kijan w ap ka garanti Platfòm pou Lapè a tounen yon espas kote desizyon politik ka pran?

Aktivite nou pwopoze pou fè analiz la:

Objektif nou vle atenn yo, nan nivo politik ak enstitisyonèl yo, mande yon plan tou epi gen travay pou n fè anvan n rive atenn yo. Se pou Platfòm lan reyini yon tan fiks pou n gade kijan objektif yo ye, seye idantifye kisa nou dwe fè. Ki alyans nou dwe fè ankò? Èske n dwe kontinye eseye atenn tèl objektif? Eske n ka atenn objektif sa a osinon èske li reyalis (li kole ak reyalitye a)? Èske objektif sa a ap ede lapè a boujonnen vre? Ki enterè kominote a riske pèdi nan goumen pou atenn objektif sa a? Èske pwoblèm, ki anpeche nou yo, nou ka travay pou rezoud yo oubyen pase sou kote yo?



Travay ansanm sa a ki toujou ap fèt nan kominote a ta dwe amelyore klima sekirite nan katye a epi fè moun yo vin plis ka travay ansanm, yon fason pou eleman ki toujou ap pete konfli yo nan kominote a (divizè yo) nou kapab abòde yo yon fason pou n avanse epi, konsa tou, kapasite pou fè lapè boujonnen yo (konekte yo) ka vin pi dyanm.

REZIME CHAPIT LA



Ti Platfòm yo te kòmanse nan bay moun yo konfyans nan tèt yo epi travay fasilite ak fasilite yo ap fè pou sa rive a, enpòtan anpil. Konsa nou te pwopoze pou Ti Platfòm yo travay menm jan zanyen an fè nich li: pwen pa pwen, n ap chèche rive menm kote, epi mete plis moun nan jwèt la.

Pandan premye semèn yo, n ap ranmase enfòmasyon pou n ka analize sous tansyon yo nan zòn nan ak eleman ki konekte moun ki rete nan zòn nan (konekte yo), sa a se baz yon bon estrateji. Depi analiz nou klè, nou ka kòmanse wè ki aksyon ak estrateji k ap ede n atenn objektif nou ki klè devan nou, sa pral depann de ki kalite ak kantite resous nou gen nan men nou pou n demare.


AKTIVITE POU FÒMASYON



- *Nap monte yon pyès teyat sou jan yon Ti Platfòm pou Lapè ap fèt (Gade nan Anèks yo).*
- *Fòme gwoup 3 a 5 patisipan (fasilite, fasilite yo) Ti Platfòm yo pou n fè yon egzèsis analiz nan chak ka, apre nou fin revize chak etap.*
- *Fè yon patisipan nan chak gwoup vin pale ak asistans la, vin pataje sa li wè ki enteresan ak sa ki te difisil nan egzèsis la.*

4. Kijan Ti Platfòm pou Lapè yo fonksyone.


Evalyasyon inisyativ la.



Lè n gade byen sa nou fè yo, pou n wè si sa n te di n ap fè a rive fèt oubyen non, lè sa a nou evalye kisa ki te fè n pa jwenn sa n tap tan lan. Nou ka evalye anpil eleman tankou :

1. Evalye yon pwen.
2. Evalye yon objektif oubyen yon bu.
3. Evalye ekip oubyen gwoup kap jere a.
4. Evalye ki rezilta travay la pote nan katye a apre kèk lane.

Yon evalyasyon tankou sa n abitye yo, moun yo vini ak yon “ekspè” pou fè ankèt, entèvyou epi li revize dokiman yo pou l wè ki travay ki fèt toutbon epi ki rezilta li pote. Men nan Platfòm pou Lapè yo, evalyasyon an fèt ak patisipasyon tout moun ki mete ansanm pou chèche konklizyon sou pwòp travay yo, ki kote yo te kòmanse, kote yo rive; yo gade lide a (inisyativ la, pwojè a) epi kisa yo rive fè ladan l. Evalyasyon an se souf platfòm lan paske li fè n poze kesyon sa a: Ki chanjman ki fèt nan nou ak nan kominote a? Kisa ki te mache nan travay nou an ak kisa ki pa mache?




Men tou, pandan nap fè evalyasyon an, nou dwe gade chanjman ki fenk fèt yo ki gen pou wè ak Ti Platfòm pou Lapè yo, konsa tou se pou n gade ki rezilta oubyen enpak Ti Platfòm yo genyen nan zòn nan ak jan yo transfòme sityasyon konfli a.

Nan lane 2010 la, AFSC te mete deyò yon ti dokiman ki gen kèk lide oswa tèm ak teyori ki di kijan nou ka evalye chanjman ki fèt nan yon kominote, pou konnen si Platfòm pou lapè yo rive touche objektif yo ki se amelyore relasyon youn ak lòt epi diminye klima ensekirite ki gen nan katye a, nan kesyon lapè a menm.

Dokiman sa a rele “Ensekirite nan vil yo: chemen ki mennen nan direksyon yon lòt modèl” (AFSC, ane 2010). Se apre yon deba serye, kèk pwofesyonèl nan Kominote Aprantisaj Amerik Latin AFSC a te fè liv sa a soti.

Liv sa a reponn kesyon sa yo: Kijan pou n konnen si n ap travay pou lapè vre? Kijan n ka konpare rezilta nou yo ak pa lòt kominote yo ? Kijan pou n konnen ki chanjman ki enpòtan.

Endikatè chanjman yo: Mezi transfòmasyon ki fèt la



Sa moun optimis,pozitif yo wè:
“Vè a mwatye plen”.

Sa moun pesimis,negatif yo wè:
“Vè a mwatye vid”.

Kisa Platfòm pou Lapè yo di: nou mande:

- ***Kilès ki te chwazi vè sa a?***
- ***Kisa yo pral fè ak dlo a?***
- ***Kijan nap deside sa n pral fè ak dlo ki la deja a, menm jan pou dlo ki pankò mete pou fin plen vè a?***

Pafwa nou chak jije kondisyon yon sitiyasyon nan fason pa nou, sa fè nou chak bay konklizyon pa nou sou sitiyasyon an, men sa chak moun di a gen valè li.

Lapè se yon mo ki gen divès definisyon jan nou te wè sa deja. Modèl Ti Platfòm pou Lapè yo chita sou lide yon “Lapè pozitif” kote nou wè konfli a kòm yon chans nou jwenn pou n aprann kichòy epi chanje. Konfli a limenm se pa yon move bagay. Se sèlman yon sitiyasyon ki rive lè 2 enterè, ki sanble pa mache ansanm, yo kontre, sa ka rive yo pa menm vre.

Nou ka konnen ki rezilta yon inisyativ, yon pwojè bay paske gen bagay, tankou chanjman nan kominote a, ki endike nan ka sa a lapè ap boujonnen. Prèy sa yo nou rele yo “Endikatè”.

Kijan w evalye chanjman sa yo nan yon pwogram pou Lapè?

Evalye yon pwogram pou lapè pa vle di chache konn si nou menm, ekip ki nan pwojè a, n ap fè travay nou byen. Sa vle di pito gade si estrateji lapè sa a bay rezilta toutbon nan direksyon nou vle a, si metodoloji a mache byen oswa adapte ak kilti moun nan zòn nan epi si n te aplike l nan bon sans la dapre teyori chanjman nou an, elatriye.

An prensip, Ti Platfòm pou Lapè yo ka patisipe toutbon nan tout kalite evalyasyon, men n ap kite kèk konsèy sou chak kalite evalyasyon:

1. Pou evalye yon aktivite.

Evalye yon aktivite fè nou kapab dekouvri egzakteman jous ki kote bagay yo te rive reyalize jan sa te planifye epi ki rezilta yo te pote. Men kèk pwèn nou kapab diskite pou n rive analize yon aktivite :

PWEN YO	Sa k mache jan n tap tann li an	Sa ki pa t mache	Sa n tap tann ki pou rive	Sa n te apran
Patisipasyon moun yo				
Planifikasyon aktivite a				
Teknik ak jwèt nou te itilize				
Ki rezilta sa pote sou konfli a				

Li bon anpil wi pou n pran yon mwa apre aktivite a fin fèt, pou n reflechi sou chak pwèn nan evalyasyon an, sitou pandan premye mwa travay Ti Platfòm yo. Tout tan sa a, egzèsis evalyasyon an ap antre nan travay la epi n ap wè, chak jou ki pase, nou evalye tou sa n ap fè nan kominote a.

2. Evalye bu oubyen objektif nou yo.

OBJEKTIF YO	Sa n rive reyisi	A konbyen pousantaj nou reyisi	Prè: Kijan n fè konnen n reyisi	Obstak ki te bare wout nou, difikilte n te jwenn	Kouman n rive simon- te obstak la
Premye gòl					
Dezyèm gòl					
Twazyèm gòl					
Katriyèm gòl					

Evalyasyon sa a limenm mande pou n òganize enfòmasyon sou aktivite ak objektif nou te genyen yo. Anpil fwa se pa wotè pousantaj yo ki pi enpòtan non, men sa bay yon lide sou ki mezi travay ki rete, pou n ka rive kote n vle a. Donk yon ti deba nan gwoup la sou obstak yo ak jan nou te pase sou yo ta ka byen itil. La a, yon zouti tankou Teyat-fowòm la ka ede gwoup la pratike anpil estrateji pou l soti anba obstak yo (gade, nan anèks yo, teyat-fowòm la). Kafé Mondyal la ka sèvi la a tou.

3. Evalye ekip oubyen gwoup k ap jere pwojè a.

Anpil nan eleman n pral evalye yo soti nan sa n rele Teyori gwoup kap travay yo (Pichon-Riviere, 1980) ki fikse nivo konfli nou ka jwenn nan gwoup yo lè yo gen menm objektif.

Evalyasyon gwoup oubyen ekip k ap jere pwojè a mande anpil matirite epi fòk moun yo kapab kritike pwòp tèt yo paske sa ap ede yo konnen pwen fò ak pwen fèb gwoup la, chanjman ki fèt nan gwoup la sou jan li mare sosis li ak lot moun, epi jan yo kontinye oubyen sispann kenbe vye modèl travay lontan yo.

Pwen yo	Sa ki pozitif	Sa ki ka amelyore	Leson nou aprann
Kominikasyon an klè			
Gwoup la fè youn			
Wòl ak responsabilite chak moun klè			
Kapasite pou rezoud konfli anndan gwoup la			
Nou konprann gwo travay gwoup la			

Nan egzèsis sa a, ekip k ap jere pwojè a ka sèvi ak divès teknik tankou Gwoup diskisyon, entèvyou ak moun, ankèt, sosyodram ak lòt teknik ki kapab ankouraje moun yo pale sou pwòp konfli yo, sou wòl manm gwoup la jwe ak tout kalite altènativ yo genyen pou chanje fason yo aji ansanm epi mennen yo nan sans gran objektif gwoup la genyen.

Aprè aktivite sa yo, ki ankouraje gwoup la kritike tèt li yon fason pou l avanse, yo ka kòmanse idantifye kèk konklizyon pou chak pwen.

Pou sa, n ap li tout kesyon ki nan chak pwen yo, aprè sa, n ap kite gwoup la reyaji, yo pa blije reponn chak kesyon tankou si se te yon ankèt, se lide a sèlman n ap lanse epi kite moun yo reyaji. Gid sa a se pa yon bagay ki tou bon, men l ap chèche kèk eleman ki ta ka ede gwoup la travay pi byen chak jou.

Pwen yo	DEFINISYON	KESYON POU GWROUP LA REPONN
Kominikasyon an klè	Gwoup la ka pale klè epi byen esp-like kisa mesaj yo vle di .	• Èske n ka di sa n panse san manke moun dega? • Nou konn kisa n ap tan nan men lòt yo? • Eske n konprann nannan ti koze a? • Eske n jwenn ase enfòmasyon lè n vle l la? • Eske nou youn konprann lòt byen?
Inite nan gwoup la	Èske n ka kolabore ansanm nan travay la.	• M santi m alèz nan gwoup la? • M santi yo dakò ak mwen nan gwoup la? • Nou se yon ekip solid? • Menm si gen diferans nan mitan nou men youn aksepte lòt? • Èske tout patisipan yo bay koutmen pa yo? • Èske anm yo angaje yo oubyen yo fanatik sèlman?
Chak moun konn wòl ak responsabilite l klè	Chak moun konn sa l ka fè ak sa lòt yo ka fè	• Èske yo konn talan chak moun nan gwoup la? • Lè gen yon bagay ki pou fèt, nou konn kilès k ap kowòdone aktivite a?
Entelijans pou rezoud konfli anndan gwoup la		• Èske nou chita ansanm pou rezoud gwo konfli yo? • Èske n rive pa mele konfli a ak bon relasyon n ak moun nou gen konfli ak li a?
Konprann travay santral yo.		• Èske n konprann vizyon gwoup la? • Èske nou pale sou sa ki ban nou kè sote pou n atenn objektif la? • Èske n konn klè kisa pou n fè avan pou n ka rive nan objektif nou fikse a? • Èske n chèche lòt solisyon pou n pa kanpe lè n rive devan obstak yo? • Èske n konnen obstak nou yo ak limit nou?

4. **Evalyasyon rezilta pwojè a nan kominote a apre kèk lane**

Pòl Lederak ak Kominote Aprantisaj nan Amerik Latin nan panse nou ka evalye estrateji pou fè lapè boujonnnnen an sou kat (4) gwo nivo transfòmasyon. Se yon fason pou n gade, pou n verifye kouman travay ki fèt la pote chanjman nan anpil nivo an menm tan:



Kat (4) temwayaj sa yo soti nan pwogram pou Lapè ki fèt nan Amerik Latin ak nan Karayib la, yo montre kat(4) nivo diferan nan rezilta oubyen chanjman n ap pale yo.

- 1) Chanjman nan nivo moun nan limenm
- 2) Chanjman nan nivo relasyon moun nan ak lòt moun
- 3) Chanjman nan kilti zòn nan
- 4) Chanjman nan nivo estrikti yo, enstitisyon yo.

Pou moman nap pale w la a, Platfòm yo sanble pote chanjman nan moun yo ak kalite relasyon youn gen ak lòt. Men yo kapab pote chanjman tou nan nivo enstitisyon yo ak kilti ki nan zòn nan, depi yo ta vin ak yo pou trete pwoblèm ki konsène tout popilasyon an.

Si n voye yon premye kout je, n ap di lapè a kòmanse boujonnen nan yon katye, oubyen yon kominote nan vil la, lè nou wè bagay sa yo:

- Moun yo gen plis konfyans nan katye yo ak nan vwazen yo.
- Plis moun kòmanse sèvi ak metòd ki san vyolans pou yo diskite sou konfli yo epi rezoud yo
- Enstitisyon Leta yo rankontre epi konprann moun zòn nan pi byen, menm Lapolis tou.

Si n ap fè yon evalyasyon serye, sa ap mande nou gade sa ki genyen yo youn pa youn, diskite sou yo epi rive chwazi kèk endikatè espesyal pou chak nivo nou panse Platfòm yo bay rezilta yo a.

As lavil la

CHANJMAN NAN MOUN YO

- Laperèz ak kè sote a diminye.
- Moun yo vin fè parèy yo konfyans.
- Prejije ak lòt vye lide sou moun yo diminye.
- Moun yo vin ka wè oswa idantifye divès kalite vyolans pase sa yo te konn wè anvan..
- Moun yo vin pi dakò ak katye a, yo santi se pou yo li ye (yo renmen viv nan katye a).
- Moun yo gen kote yo vle rive ak lavi yo epi yo gen espwa y ap rive.

CHANMAN NAN RELASYON YOUN AK LÒT

- Vwazen yo vin plis ka fè pou yon moun sa li te fè pou yo.
- Vin gen pi bon kominikasyon ki mache ak respè nan katye a.
- Yo aplike metòd pou yo rezoud konfli yo.
- Vin gen plis tolerans ak mwens vyolans dirèk sou moun nan katye a.

CHANJMAN NAN KILTI ZÒN NAN

- Manm Ti Platfòm yo gen enfliyans sou moun ki pa nan Platfòm lan.
- Vin gen lòt karaktè ki gen pou wè ak lapè nan moun yo, yo plis ka kole zepòl epi viv ansanm
- Moun yo vin pran dyalòg la kòm premye epi pi gwo fason pou yo rezoud konfli yo, yo aksepte dyalòg la.
- Moun yo vin plis dakò lidè yo se yon otorite ki lejitim.
- Vin gen plis fason moun yo toujou sèvi youn ak lòt, fason ki chita sou lapè, sa nou pa t konn wè nan katye a anvan.

CHANJMAN NAN ENSTITISYON YO

- Moun yo vin dakò fòk plis moun patisipe lè y ap òganize tèt yo.
- Vin gen plis enstitisyon ak plis lidè nan zòn nan ki gen pouvwa
- Vin gen plis desizyon ki pran epi ki aplike nan katye a pou chanje figi l.

Nivo	Chanjman nou ka wè nan komi-note a	Prèy (Poukisa nou te jwenn chanjman yo?)	Ak ki teknik nou sèvi pou n ka wè chanjman yo
CHAK MOUN			
RELASYON YO			
KILTI ZÒN NAN			
CHANJMAN NAN ENSTITISYON YO (Chanjman Polítik, materyèl, ekonomik, enstitisyonèl)			

Pwosesis evalyasyon rezilta yo toujou mande patisipasyon menm jan ak lòt aksyon yo, men kòm limenm li konplèks, sa mande pou se yon pwofesyonèl, ki konn teknik pou evalye pwojè epi ki ka dyaloge ak moun tou sou pwojè a, ki pou dirije evalyasyon an. Li pa fasil pou w wè si se pwojè a vre, oubyen yon lòt bagay ki vini san n pa t konnen, ki fè sa pwojè a te vin fè a: sa a se sèlman yon egzanp nan tout sa ki ka rive.

KÈK EGZANP PWOBLÈM AK SOLISYON NOU JWENN NAN TI PLATFÒM POU LAPÈ YO :

PWOBLÈM YO...	KÈK LIDE ITIL...
Moun yo vini nan sant mobil la pou yo jwenn yon moun tande yo, men se pa tout tan yo jwenn yon bon arbit ki satisfè tou 2 pati yo.	Sèvi ak dyalòg kòm estrateji pou touche yo. Bay 2 pati ki nan konfli yo rezon, pou w ka ankouraje transfòmasyon nan mitan yo.
Moun yo vle sèvi ak espas Ti Platfòm la nan avantaj yon òganizasyon oubyen kòm yon kote moun vin chache èd pou pwòp tèt yo.	Se gen dwa konfyans ki kòmanse genyen epi lapè sanble kòmanse boujonnen, sanble se sa moun yo bezwen nan gwoup la ki parèt la a, men fasilite, fasilite la kapab kòmanse mete teknik dyalòg tankou Kafe Mondyal la pou ede dyalòg la debouche sou chanjman.
Moun yo pè patisipe nan yon pozisyon kote lòt moun ka wè yo.	Pase plizyè mwa ap sèvi ak Ti Platfòm lan kòm premye estrateji avan w fè premye reyinyon dyalòg nan Platfòm lan.
Yo ka pran Platfòm lan kòm yon espas pou fè polemik ak lòt komite ki nan zòn nan.	Depi avan w kòmanse ak Platfòm lan, se pou w envite tout komite ki nan zòn nan pou w ka di yo objektif Platfòm lan ki se yon espas lib epi ki louvri pou tout moun.

REZIME CHAPIT LA

Evalye sa nou fè se kle wi nan sa n ap aprann la. Nan chapit sa a, nou te devlope kèk zouti, kèk kesyon enpòtan ak kèk pwèn ki ka di nou si nou jwenn yon chanjman toutbon nan kominote a, nan patisipan yo ki nan Ti Platfòm yo (moun yo), epi nan jan moun yo viv ansanm nan katye a (relasyon yo), nan fason moun yo viv ak jan yo panse (dapre kilti yo) anfen nan kondisyon ki fè gen konfli nan kominote a (estrikti yo oswa enstitisyon yo).

Nou pwopoze divès egzèsis moun ka fè nan moman diferan pou yo evalye ki pwogrè yo fè, kisa yo dwe amelyore epi kijan yo kapab amelyore sa.

AKTIVITE POU FÒMASYON

Idantifye ak gwoup la yon lis “prè” ki ka montre chanjman ki fèt nan chak nivo lapè a (nan moun nan limenm, nan relasyon moun ak moun, nan kilti zòn nan ak nan enstitisyon yo). Aplike modèl “evalyasyon aktivite yo” pou n evalye atelye fòmasyon an. Nou ka mete yon tablo kote tout moun ka ekri sa yo panse ladan l san gran teyori.

5. Ti Platfòm pou Lapè a nan reyalite a.

Kijan pou n gen yon pi bon estrateji epi fè l dire pi lontan ?

Ti platfòm pou Lapè yo se pa solisyon pou tout pwoblèm nan kominote a, men yo montre n yo ka rezoud anpil ladan yo ki fè sosyete a toujou sou tansyon, san yo pa bezwen sèvi ak maspinay ak zam, presyon politik osinon pase dwa moun ki rete lavil yo anba pye.

Nou wè Ti Platfòm yo mache nan katye pòv, kote jèn yo gen konfli ak paran yo paske yo pa menm jenerasyon, kote medam yo viktim anba divès kalite vyolans, kote gang yo ap kraze ti biznis moun yo, kote dlo ra anpil, kote gen gwo malè pandye sou tèt moun yo poutèt yon siklòn pa egzanp, kote yo pa pran swen timoun yo byen, elatriye.

Men, pil pwoblèm sa yo fè n panse tou nou pa p ka pran Ti Platfòm yo pou yon modèl fèmen ki pa admèt lòt teknik anplis sa li montre yo. Si l ta konsa, nou t ap pèdi tout bagay ki nan metòd la nèt tankou jan li fasil pou adapte li ak pwoblèm ki konplike. Men lè n ap debat sou pwoblèm sa a ak manm Kominote aprantisaj la, nou vin dekouvri anpil lide ki ka fè teknik la pi bon tankou:

- Mete lòt teknik dyalog nan jwèt la. Nou t ap gade si n pa ta ajoute sou kondisyon ak zouti pou moun yo sèvi ak teknik dyalog yo nan lè n ap fè dyagnostik pwoblèm yo ak patisipasyon tout moun, nan reyinyon Ti Platfòm yo, nan Platfòm yo ak lè n ap evalye pwogram yo.
- Yon tèm nou pa janm apwofondi se jwenn lòt estrateji antre. Nou pankon gen lòt eksperyans ki pa sèvi ak sant mobil pou rezoud konfli a, pou n ta seye wè si se menm rezilta oubyen pi bon, men nou konnen ap gen divès fason, pou adapte estrateji antre a nan kominote a, espesyalis k ap travay pou lapè boujonnen yo pankon menm imajine.
- Yon lòt eleman enpòtan anpil se koneksyon estrateji antre a ak Ti Platfòm yo epi Platfòm yo. Kòm metòd la fasil pou adapte l, sa pa kite n wè tèlman klè sou jan pou n konekte li pi byen, sou lè pou n konsantre n sou Ti Platfòm yo ak lè pou n konsantre n sou Platfòm nan kòm yon espas ki pi laj.
- Kèk kesyon mande pou n ta antre pi fon ladan yo tou:
 - a. Ki wòl Lapolis jwe nan modèl Lapè nan vil yo n ap eseye aplike nan katye a?
 - b. Èske n ka envite tout moun antre nan Ti Platfòm yo vre, menm sila yo ki te bay kominote a anpil move kou ?
 - c. Kijan n ap ka pèmèt moun ki diferan nan ran sosyal yo, nan konesans yo, nan richès yo, nan nivo lekòl yo chita ansanm san youn pa santi l

siperyè oubyen enferyè lòt la?

- d. Èske yon Ti Platfòm ka mache sèlman ak fanm, osinon jèn, osinon granmoun epi pou menm kote a n ap ankouraje tout moun antre nan tout bagay katye a?
- e. Èske Ti Platfòm yo ka travay ak yon modèl ki mande yo konsantre yo sou kriz epi diminye risk oswa malè pandye yo?
- f. Èske Ti Platfòm yo ka konsantre yo nan bare sitiyouyasyon ki ankouraje vyolans yo?

Kijan pou estrateji sa a dire nan zòn nan.

Chak kote w gen pou w aplike metòd Ti Platfòm pou lapè yo gen pou mete divès defi devan w pou w leve, men defi tout moun gen devan yo pou yo leve ansanm lan se pa kite lide a mouri paske n pa gen resous osinon paske n pa ankouraje lòt katye antre ladan l. Nòmalmman, pwojè ki vini ak Ti Platfòm yo gen yon lè pou yo kòmanse ak yon lè pou yo fini. Epi tout moun mete nan tèt yo kominote a pral mete dyalòg ak transfòmasyon konfli yo nan fason moun yo ap viv chak jou. Men ann poze tèt nou yon ti kesyon: kijan n pral démele n pou sa fèt? Men kèk leson nou te rive aprann nan zòn Amerik Latin ak nan Karayib la:

- Pou pwogram lan dire vre, fòk manm nan kominote yo ak lidè nan zòn nan konprann vizyon an epi fòk gen yon enstitisyon nan zòn nan pou akonpaye yo. Konsa, li pi bon pou n travay ak patnè lokal yo, ki gen yon pwogram k ap rete nan kominote a tout tan tankou: lekòl, legliz, sant kominotè, elatriye.
- Pou moun yo kenbe travay Ti Platfòm pou Lapè yo dyanm, sa pa gen pou l wè ak lajan sèlman, se pou moun yo wè sistèm lan kòm yon bon mwayen pou yo rezoud pwoblèm yo genyen nan kominote a vre.
- Menmsi nan kòmansman travay la, fasilite,fasilite la gen pou l pi aktif, men sa ki bèl la ap vin pi devan epi se yon defi li ye tèlman li mande pou w tounen yon atis: fè se vwazen yo ki bay travay sa a vrè sans li, pou se yo ki aktè prensipal nan fim lan. Depi w rive fè bagay sa a, l ap pi fasil pou moun yo kontinye travay menmsi fasilite,fasilite la pa la ankò.
- Nou ka gade anpil fason pou finanse pwogram sa a san nou pa lage konsyans nou sou lajan ki soti lòtbò dlo. Li pa fasil vre non pou w jwenn koutmen lokal nan zòn Amerik Latin nan ak Karayib la, osinon si w ta jwenn finansman, yo soti nan yon bagay pou travèse nan yon lòt epi se pa òganizasyon k ap travay nan nivo ti katye yo k ap ka jwenn lajan sa a. Menmsi sa, resous metòd sa a mande pa twò gwo. Sa ki petèt pran plis lajan, se salè moun yo ak Sant Mobil la.

REZIME CHAPIT LA

Se pa menm bagay non: fè yon bagay mache yon premye fwa, ak fè l kontinye mache lè w pa la ankò pou w voye je sou li. Se sou sa menm chapit sa a pale. Nou pa ka bay tout repons yo nan chapit la, men nou poze kèk kesyon ladan l ki ka fè travay la posib si w rive reponn yo.

Nou aprann kèk bagay ki bon anpil nan chapit sa a: tankou se pa plis lajan k ap fè travay Platfòm yo, se pito paske moun ki antre nan jwèt la wè jan travay ak reflechi ansanm nan komi-note a enpòtan.

ANÈKS 1.

Se CDA ki te premye ankouraje moun sèvi ak zouti sa a ki se yon pati nan yon metodoloji ki gen plis bagay ladan l pase sa w wè la a. Li ede moun chèche konnen jis kibò travay yon òganizasyon rive nan fè lapè boujonnen epi fè l dire, osinon fè konfli a vin pi grav (apre yon bon kou tan pase). Wap jwenn pi devan la a ti pati ki gen pou wè ak jan pou w analize Konektè ak Divizè yo, nou prepare l kòm yon zouti tout moun ka itilize, pou moutre yo kijan pou yo fè sa. Se Enstiti Resous pou Lapè nan vil Pari, IRENEES ak ONG Modus Operandi ki te prepare zouti sa a. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt sa a: www.irenees.net

Men tou sa métodoloji a gen ladan l: li demare nan analize reyalite moun yo ap viv la epi li fini ak faz pou eseye wè rezilta inisyativ pou Lapè ki te pran yo, ale gade sou sit sa a: www.cdainc.com. Men nou vin wè analiz konektè ak divizè yo se yon zouti enpòtan nan limenm ki ka ede konprann yon sitiyasyon konfli, menmsi yo pa ta sèvi ak li pou gade ki rezilta yon lòt kalite pwogram genyen. Nou sèvi ak zouti sa a pou konprann pi byen kijan bagay la ye nan zòn nan epi gade ki kote n ka antre pou demare ak yon inisyativ pou lapè a.

Tablo 1.
Analiz Konektè ak Divizè yo.

	Divizè oubyen sous tansyon	Konektè osinon posibilite pou Lapè
Sistèm ak enstitisyon		
Konpòtman ak aksyon		
Valè ak enterè (chak moun osinon sa yo tout genyen an-sanm)		
Eksperyans chak grenn moun oubyen sa yo tout genyen an-sanm		
Sembòl.		

Tablo 2.
Definisyon chak aspè

	Definisyon	Egzanp
Sistèm ak enstitisyon	Se tout estrikti fòmèl osinon politik yo ki aplike nan enstitisyon yo, òganizasyon nan zòn nan, ONG yo, antrepriz ak pwogram gouvènman an gen nan zòn nan ki ka jwe yon wòl enpòtan nan rezoud konfli a.	Komisarya ak soukomisarya lapolis, yon pwogram ki pran swen timoun lajounen, yon legliz, yon rezo òganizasyon, yon klèb vwazen, yon kriz ak yon plan ijans nan kominote a, yon sistèm pou distribue dlo.
Konpòtman ak aksyon	Fason moun nan kominote a pare pou yo fè, ak modèl jan yo menmen bak yo devan yon sitiyasyon	Yo pa griyen dan ak etranje, tradisyon ak kwayans yo, jan jèn yo distrè yo (Lwazi ak divètisman), fason yo leve timoun.
Valè ak enterè (chak grenn moun osinon sa yo tout gen ansanm)	Divès kalite opinyon sou enpòtans yon seri bagay genyen pase yon lòt seri bagay.	Ak kisa jèn yo atache yo, mòd, mizik, otorite nan fanmi yo osinon konfli ki gen pou wè ak bagay ki pa fasil pou jwenn, batay pou jwenn travay.
Eksperyans chak grenn moun oubyen sa yo tout genyen ansanm	Sitiyasyon enpòtan ki make osinon bati yon “modèl kòm egzanp”.	Moun ki te fè eksperyans kisa yon tranblemandetè ye, moun ki te pase nan lame, moun ki te viv lòtbòdlo.
Senbòl	Jan moun yo montre idantite yo nan manifestasyon atistik yo, istwa yon konfli osinon divès fòm li ka pran.	Drapo, labanyè, rad tradisyonèl, pwodui tradisyonèl (manje, atizana elatriye). Kèk fwa se yon mi, yon riyèl osinon yon rivyè ki reprezante konfli a, osinon rekonsilyasyon an.

Analiz sa a ap ede n konnen sa n ka fè (pou n demare) pou n kreye yon klima konfyans epi sèvi ak sa n ta ka rele “èspas pou lapè” yo nan yon katye kòm pwèn kote n kòmanse gaye inisyativ la. Analiz sa a se pa yon resèt, li gen kèk pwèn referans ki mande pou n fè tèt nou travay nan jwenn lòt ti bagay ki ka ede n soti nan tout teyori sou lapè sa yo epi rive fè yo boujonnen toutbon vre.

Analiz konektè ak divizè yo ka ede n defini ki kote pou n demare si n ta gen yon konfli konplike (ki gen divès kalite patizan ladan l) devan nou pou n rezoud nan yon zòn. Egzèsis sa a ka mache pi byen si nou antre tout aktè ki nan pwogram pou lapè ak devlopman zòn nan nan jwèt la. Nou ka sèvi ak li tou kòm yon metodoloji pou n chache konprann anpil faktè ki gen nan konfli a.

Youn nan eleman sa yo (enstitisyon, valè, eksperyans, senbòl, elatriye) kapab se yon “konektè”(si-man) nan kèk sitiyasyon, men konsa tou li gen dwa jwe wòl “divizè”(ti dife boule) nan yon lòt sitiyasyon. Sa depann ki konfli nou gen devan nou, kilti kominote a osinon wòl li, pa egzanp: yon pwogram gouvènman an genyen pou bay moun manje, sa kapab tounen yon “konektè”, si moun yo òganize yo epi yo separe manje a san patipri. Men si moun yo nan kominote a yo plede goumen pou kontwole bagay la, yo nan chirepit, menm pwogram sa a ka fè vyolans la vin pi grav.

Sous kote metodoloji a soti:
IRENEES – Modus Operandi (2011).

Dividers and Connectors Analysis
Understanding the sources of tension and the local capacities for peace. www.irenees.org
IRENEES, Fason pou n pase alaksyon (ane 2011). Analiz sou sa yo rele Divizè yo ak Konektè yo. Konprann sous tansyon yo ak kapasite ki gen sou teren an pou konstwi

ANÈKS 2.

Kafe sitwayen kòm zouti dyalòg.

Teknik sa a chita sou metodoloji yo rele World Café nan lang angle (sa ki vle di Kafe Mondyal, nan lang kreyòl). Se yon ekip prensip pou kreye espas lib, antre gratis ticheri, kote tout kalite sitwayen ka brase lide san laperèz, yo ka analize yon pwoblèm ansanm, pwopoze kèk solisyon epi dekouvri lòt fason pou yo abòde pwoblèm lan.

Jan Fondasyon Kominotè Kafe Mondyal (The World Café Community Foundation www.theworldcafe.com) la moutre nou sa, teknik la chita sou prensip ki di lè moun yo chita ansanm ap bwè ti kafe yo, gen anpil bèl lide ki vin nan tèt yo san yo pa tap chèche yo. Nan peyi Gwatemala, gen yon Fondasyon ki rele Propaz, ki vle di Travay pou lapè, ki rele teknik sa a Kafe Sitwayen.

Chema nimewo 1. Prensip Kafe Sitwayen yo



www.theworldcafe.com

Chak wonn dyalòg nan metòd Kafe Mondyal la gen twa moman ladan l: Plan-tasyon, Kiltivlatè epi Rekòlt.

- Nan moman “Plantasyon” an, patisipan yo di ki pwoblèm ak kè sote yo genyen sou sitiyasyon konfli yo, vyolans yo oubyen lòt kalite pwoblèm ko-

minote a genyen.

- Nan moman “**Kiltivlatè**” a, patisipan yo analize rasin konfli yo ak divès fason yo ta genyen pou *rezoud* yo. Nan faz sa a, Ti Platfòm lan kapab planifye kèk aktivite nan jou kap vini yo pou eseye lide yo genyen yo nan zòn nan.
- Pou n fini, “**Rekòlt**” la ranmase tout eksperyans yo, tou sa patisipan yo aprann ak solisyon yo jwenn sou konfli yo te etidye yo. Se menm bagay la ki toujou ap fèt wi nan prensip Kafe Mondyal la jiskaski Ti Platfòm nan fin konprann prensip yo nèt nan refleksyon ak aksyon yo toujou ap fè.

Eksperyans Gwatemala a montre nou Ti Platfòm yo ka kòmanse byen chofe vre men se pou yo fè atansyon pou yo pa ‘bouke’ epi pou yo pa fristre apre sa wi, paske si sa rive yo p ap ka mete gwoup la sou pye fasil ankò non. Nou ka pa kite sa rive paske nou ap vize twòp gwo bagay, se pou nou reyalis nan sa n ka fè osinon pa ka fè. Epi reyinyon yo pa dwe long tou, (pou pi long se inèdtan). Nou ka itilize kafe mondyal la kòm zouti nan yon Ti Platfòm, nan yon Platfòm, nou ka ale pi lwen menm ak li tankou lè n ap evalye pwogram lan.

ANÈKS 3.

Metòd Teyat Fowòm Augusto Boal la

Depi moun ap viv ansanm pa ka pa gen konfli, sa pa vle di nou toujou rezoud yo nan lapè san kraze brize. Lè n analize konfli yo epi nou reflechi sou divès solisyon nou ta ka jwenn, se kapab yon bon fason pou n aprann devlope kapasite nou ak entelijans nou sou kalite bagay sa yo ki toujou vin devan nou.

Men sou kisa aktivite sa a chita: se fè patisipan yo monte epi jwe yon pyès teyat kote y ap sèvi ladan l ak divès *teknik pou* yo kapab rezoud yon konfli dapre sa prensip Teyat Fowòm lan di.

...ETAP YO GEN POU PASE YO

1. **Motive moun yo pou aktivite a** (5 minit). (lè n fini motive moun yo, nou ta dwe pwopoze pou aktivite a demare).
2. **Nou chwazi konfli a, yon konfli moun ak moun:** (5 minit) Mande patisipan yo pou yo sonje yon sitiyasyon kote ki te gen yon konfli. Men sa ki enpòtan yo dwe sonje ladan l:

- Fòk ta gen omwens 2 oswa 3 moun nan aktivite a.
- Konfli a gen dwa pèsònèl, li gen dwa pa sa nonplis. (sa ki pi enpòtan se aprann rezoud konfli, se pa chak moun rezoud pwoblèm pa yo nan ti kwen yo poukont yo).

3. Mete konfli a devan tout moun, aktivite an gwoup: (15 minit) Mande yo fòme gwoup (ki pa depase 6 moun) epi mande chak gwoup rakonte konfli yo te chwazi a. Yo pa bezwen rakonte ni sa ki te mennen konfli a, ni konsekans li apre sa, se moman konfli a menm nou bezwen.

Se pou w klè sou kantite tan yo genyen pou chak gwoup ka prezante travay yo nan espas tan sa a.

4. Yo chwazi pyès la epi yo monte li: (5 minit) Depi tout gwoup yo fin rakonte n konfli yo, mande yo chwazi youn ladan yo pou yo jwe. Gen 3 kritè yo dwe respekte nan chwa sa a:

- Enpòtans konfli a gen pou manm yo.
- Enterè manm yo genyen pou yo travay sou konfli a,
- Chak kilè **yon sitiyasyon konsa prezante** (sitiyasyon patisipan yo viv)

Depi yo fin chwazi ki pyès y ap jwe a, se pou manm gwoup yo poze moun ki vin rakonte istwa konfli a kèk kesyon sou detay yo bezwen pou konpran li pi byen. Apre sa yo va chache kisa ki vrèman santral nan konfli a, y ap retire tou sa yo pa bezwen epi y ap mete yo dakò sou kijan pyès la ap kòmanse, kijan l ap devlope epi kijan l ap fini.

Chwazi aktè ki va jwe pyès la epi bay chak aktè wòl yo pral jwe a (tout moun pa blije jwe); yo va jwe pyès la san repetisyon.

* L ap enpòtan anpil pou yo prezante konfli a san yo pa deja pote yon solisyon manm yo konsidere ki bon. Sa va ede yo reflechi plis pi devan.

5. Pyès teyat yo: (25 minit) Reyini tout gwoup la epi envite yo gade pyès yo k ap jwe san di anyen nan sa. Moderatè a va mande yo bay chak pyès yon non epi yo va ekri non an yon kote tout moun ka wè l.

*Si se ak 2 semènè separe aktivite sa a ta fèt, li ta bon pou nan premye semènè a tout bagay fèt avan, apre sa y a jwe pyès la.

6. Chwazi konfli pou Teyat Fowòm lan: (5 minit) Depi n fini jwe tout pyès yo, mande patisipan yo chwazi youn nan pyès sa yo pou yo travay epi pratike teknik Teyat Fowòm lan, y ap sèvi ak menm kondisyon osinon kritè yo te chwazi konfli gwoup yo te vle trete a (enpòtans, Enterè ak Chak kilè). Moderatè a va fè yon rezime sou tout lòt pyès yo pou li ka fè travay yo nan lòt semènè fòmasyon.

7. Teyat fowòm: (40 minit) Rejwe pyès ki rakonte istwa konfli a tout moun nan gwoup la te chwazi a epi travay sou li ak teknik teyat Fowòm lan. Men kijan pou w fè sa:

- Mande tout moun ki pa t jwe nan pyès la patisipe kòm aktè koulye a pou rezoud konfli a. Moderatè a dwe fè moun yo konnen yo ka fè entèvansyon yo a nan kòmansman osinon pandan pyès la ap jwe. Ide a sèke se pandan teyat la ap dewoule pou moun yo patisipe, pou yo bay kèk lòt estrateji pou rezoud konfli a.
- Si yon moun vle kanpe pyès la pou l fè yon entèvansyon, se pou l bat men l pou anonse sa. Modòd la nan moman sa a se: “Piga pale, patisipe pito”. Se pandan pyès la ap jwe pou tout entèvansyon yo fèt.
- Eksplike aktè ki te jwe pyès original la

epi k ap resevwa entèvansyon patisipan yo, se pou yo sispann defann pati pa yo a si sa pa mande yo chanje fason yo te fè sa avan dapre chanjman ki vin fèt nan pyès la.

- d. Se yon grenn entèvansyon n ap aksepte, pou moun ki pwopoze li a ka fin prezante l nèt. Men se fowòm la (moun k ap gade yo) k ap deside si estrateji a mache wi ou non, y ap aplodi estrateji ki bon yo. Se pa aktè a non, osinon jan li jwe a non, y ap aplodi, se pito estrateji a, depi yo konsidere li kapab ede rezoud konfli a. Si yo pa aplodi youn menm, se pou moderatè a kontinye motive asistan yo pou yo chache pi bon estrateji.
 - e. Si yo pa aplodi yon estrateji, se paske yo pa renmen l oubyen solisyon li ofri a pa bon. Sa ka rive konfli a vin pi grav. Se menm bagay la k ap pase ak estrateji ki mache yo: apre yo fin aplodi l, fòk asistan yo di poukisa yo panse se yon bon solisyon pou konfli a. Se pa solisyon tou fèt n ap chache, nou pito vle jwenn estrateji k ap koresponn ak kalite konfli nou genyen an.
8. **Deba:** (10 minit) La a, se pou n poze aktè ki te jwe pyès konfli a kèk kesyon sou chanjman yo te pote yo, kijan yo te santi yo: mande lòt moun ki te fè lòt entèvansyon sou pyès original la ki rezilta li panse li tap jwenn si li te fè tèt jan oubyen tèt lòt fason, mande moun ki te blije chanje konpòtman yo dapre chanjman ki te fèt nan pyès la, poukisa yo te blije chanje.
 9. Nan faz aktivite a la a, li enpòtan pou moderatè a fè ti pale sou kèk lòt fòm rezolisyon konfli ki pa parèt nan pyès la men ki se bon jan estrateji. Pa egzanp si nan pyès la pa gen yon pati kote youn nan moun ki nan konfli a aksepte pwopozisyon lòt la fè li, se pou moderatè a mande yon moun jwe sa nan pyès la. Konsa nou gen garanti nou te antrene, epi pratike estrateji ki pi enpòtan an dapre objektif nou t ap chache atenn nan aktivite sa a.
 10. **Nou fini:** (5 minit) Depi aktivite a fini, se pou moderatè a mande moun yo kisa yo te aprann nan eksperyans la.

KISA DIKSYONÈ A GEN POU L WÈ AK PATI SA A? Lide kle ki pral prezante kounye a kapab pèmèt nou pote yon konklizyon pou aktivite a

Men ki kote tout enfòmasyon sa yo soti :
Valoras UC Herramientas de Juego
<http://www.educarchile.cl>

YON TI DIKSYONÈ POU EDE NOU KONPRANN KÈK MO KLE.

1. **Konektè yo:** Se yon seri (..) eleman materyèl, nan sa nou kwè, moun osi non eksperyans ki ede nan travay n ap fè ansanm nan kominote a menmsi gen konfli ladan l.
2. **Konfyans:** Se yon atitid ki fè w kwè sa w fè pou lòt moun y ap fè li pou w ou tou epi se yon seri rezilta pozitif ou jwenn ki chita sou kèk endikasyon, sa fè kè sote diminye epi sa fè n pa tout tan ap veye kò nou twòp.
3. **Divizè yo:** Se yon seri eleman materyèl, sa nou kwè, moun osinon eksperyans ki fè nou toujou sou tansyon epi sa divize yon kominote.
4. **Mitan Platfòm nan:** Pwen santral kote tout sitwayen yo rankontre ansanm epi yo pote kole pou chanjman fèt.
5. **Epizòd Platfòm lan:** Se moman kote gwoup la reflechi osinon aji ansanm ak kominote a
6. **Espas nan yon vil:** Se yon espas kote moun rete ansanm ak lòt moun epi gen echanj ekonomik ak sosyal ki fèt ak yon gran kantite moun, kote tout bagay konsantre ansanm epi kalite byen ak sèvis ou ka jwenn la konplike anpil, gen anpil bagay ki devlope la tankou gwo batiman, wout, komès, pò, òganizasyon, epi se yo menm ki fè sosyete a devlope nan jan li ye a.
7. **Estrateji antre:** Aktivite santral ki ka fè sitwayen yo enterese epi patisipe nan Ti Platfòm pou Lapè yo.
8. **Gwoup k ap dirije oubyen gwoup Fasilitatè, fasilitatèz yo:** Ekip fasilitatè, fasilitatèz Ti Platfòm pou Lapè yo.
9. **Entè-Dyalòg:** Yon pwosesis kominikasyon ki pèmèt anpil gwoup pale, reflechi epi avanse ansanm.
10. **Entèmedyasyon:** Se lè yon twazyèm moun antre nan yon espas sosyal pou l ankouraje relasyon ak solisyon nan sitiyo konfli yo. Sa ki fè l diferan ak medyasyon an, li pi laj paske li kouvri yon espas sosyal, sa plis pase yon ka konkrè epi li sèvi ak yon bann teknik medyasyon an pa itilize.
11. **Entradyalòg:** Yon pwosesis kominikasyon ki pèmèt anpil moun nan yon gwoup pale ansanm.
12. **Medyasyon:** Metòd pou rezoud konfli, ladan l gen yon twazyèm moun ki pa nan konfli a k ap ankouraje yo negosye san li pa fòse bouch nan desizyon final la.
13. **Ti Platfòm pou Lapè:** Metodoloji dyalòg ak aksyon nan yon kominote, li chita sou modèl pou fè lapè boujonnen epi rezoud konfli yo.
14. **Patisipasyon sitwayen yo:** Se lè moun ki rete nan kominote a osinon peyi a

antre nan pran desizyon ki gen pou wè ak enterè yo tout paske yo gen dwa sivil pou sa.

15. **Patisipasyon politik:** Se lè sitwayen yo patisipe nan egzèsis ak pwojè politik pou yo gen moun reprezante yo devan Leta, moun sa yo kab soti nan sistèm pati politik yo (nan peyi ki gen gouvènman demokratik yo).
16. **Patisipasyon Sosyal:** Se lè moun ki rete nan kominote a osinon peyi a antre nan aktivite ki ankouraje youn gen relasyon ak lòt.
17. **Lapè nan vil yo:** Se yon pwosesis sosyal kote moun k ap viv nan yon espas lavil la rive kapab evalye bezwen ak enterè yo ansanm epi rive konprann konfli yo pi byen, konsa yo devlope yon fason pou yo chache tout tan sa ki fè yo tout byen, pou diminye jan moun rete sou kote nan pwosesis yo, pou diminye jan moun sèvi ak vyolans kòm mwayen pou fè fas kare ak diferans yo genyen, kriz yo ak sa yo manke.
18. **Teyori chanjman:** Se yon Chema ki presize orezime kisa sa ye yon isisativ oubyen yon pwojè, epi poukisa nou panse inisyativ sa a ka pote chanjman.
19. **Vyolans:** Estrateji pou sèvi ak fòs fizik, sikolojik osinon fòs politik sou lòt moun pou jwenn sa w ap chèche a. Vyolans toujou pote yon domaj, piti kou l ye, sou yon moun epi kreye yon tandans pou yon pati domine volonte lòt la, konsa gen yon kalite konfli ki toujou bay vyolans menmsi konfli pa blije pote vyolans.

LIV AK DOKIMAN NOU TE KONSILTE

- AFSC (2008) IPLAC- Glosario del Programa Internacional para América Latina y el Caribe.(**Diksyonè Pwogram Entènasyonal pou Peyi Amerik Latin yo ak Karayib yo**) American Friends Service Committee. Fortaleza, Brasil.
- AFSC (2010) Inseguridad Urbana y Transformación de Conflictos.(**Ensekirite nan vil yo ak Transfòmasyon konfli yo**) AFSC. Guatemala, 2010
- AFSC (2011) Plataformas de Acción Juvenil.(**Platfòm Aksyon Jèn yo**) AFSC, Guatemala.
- AFSC (2012) Construyendo Paz en Mi Barrio. Manual de participación juvenil urbana.(**Konstwiksyon Lapè nan katye m nan. Gid pou fasilite patisipasyon jèn nan vil yo**) American Friends Service Committee International Program for Latin America and the Caribbean. AFSC. Guatemala:74pp.
- CDA (2009) Collaborative Learning Projects. Reflexiones Acerca de la Práctica de la Paz: (**Pwojè pou aprann ansanm an kolaborasyon youn avèk lòt.Reflekyon sou aksyon ki ka pèmèt Lapè a vin yon reyalite**)
- CDA Collaborative Learning Projects (2008). Consultation Report: Understanding Cumulative Impacts. Reflecting on Peace Project. (**Pwojè pou aprann ansanm an kolaborasyon youn avèk lòt. Rapò pou konsiltasyon: Ann eseye konprann tout konsekans yo etan n ap reflechi sou Pwojè Lapè a**): Understanding Cumulative Impacts.
- CDA Collaborative Learning Projects (S.F) El Manual de No Hacer Daño: El Marco Contextual para Analizar el Impacto de la Asistencia en el Conflicto. Proyecto No Hacer Daño. CDA. www.cdainc.com ((**Pwojè pou aprann ansanm an kolaborasyon youn avèk lòt. Gid pou nou pa fè dega: Zouti nan reyalite a pou n analize konsekans Asistans la anndan yon Konfli. Pwojè pou anpeche n fè dega.**)
- CDA Collaborative Learning Projects (S.F) El Manual de No Hacer Daño: El Marco Contextual para Analizar el Impacto de la Asistencia en el Conflicto. Proyecto No Hacer Daño.(**Gid pou nou pa fè dega: Zouti nan reyalite a pou n analize konsekans Asistans la anndan yon Konfli. Pwojè pou anpeche n fè dega.**) CDA. www.cdainc.com
- GALTUNG, JOHAN (1985) *Sobre la paz. (Ti koze sou Lapè)* Barcelona: Fontamara.
- GALTUNG, JOHAN (2003) *Paz por medios pacíficos. Paz y conflicto, desarrollo y civilización.*(**Kouman reyalize Lapè avèk kèk mwayen pasifik. Lapè a ak Konfli yo, Devlopman an ak sa yo rele Sivilizasyon an**) Gernika Gogoratuz, 360 pp.

- GOFFMAN, ERVING (1967) *Interaction Ritual: Essays on Face-to-Face Behavior.* (Jefò refleksyon sou yon konpòtman Fas-pou-Fas) Anchor Books.
- LEDERACH, P. (1997) *Building Peace. Sustainable Reconciliation in Divided Societies.* (Konstwiksyon Lapè. Rekonsiliasyon dirab nan kèk Sosyete ki Divize) Washington, D.C. US Institute of Peace Press.
- LEDERACH, PABLO (2008) *La Imagination Moral.* (Imajinasyon Moral la) Bakeaz/Gernika Gogoratuz. Espana. 272 pp.
- PICHON-RIVIERE, Enrique (1980) *Historia de la Técnica de los Grupos operativos* (Istwa teknik Gwoup k ap fè entèvansyon sou teren) en Revista Temas de Psicología Social, Año 4, N° 3, Septiembre de 1980.



Team
DEP Haiti, 2012